emas iku pasamuwan goné,
pan wajibé busananing bumi,
yèn sira kukuhi,
Pisan ing praja gung.

27. Saguna-guna gunaning bumi,
kondhanging kaprabon,
upa boga sawadya-wadya kéh,
tan apilih sawadya gung alit,
tan benggang ingkang sih,
mrih sapraja lulut.

28. Kawibawaning prabu ta yayi,
yèn ambekira bot, adumaken ing kawibawané,
iku cacading karaton yayi,
rusak dama nisthip,
rusak patinipun.

29. Karana jroning urip puniki,
ana kang ben atos,
mung sadhéla tan langgeng uripe,
yayi rupak jamaning wong urip,
Jamane wong mati, tetep ananipun.

30. Yen lalia pangrèhirèng bumi,
dhusthanya tanpa don,
pirang-pirang rusaké patiné,.
tuna yayi wong madeg narpati,
tiwasa ing pati, Wibisana nuwun.

31. Gunaning ratu prih yén amardi,
tinut karahayon,
lan reksanen marga pakéwuhé,
mrih lestari sagung lumaris,
wajibing nrepati, becike marga gung.

32. Damaring praja aywa mati-mati,
sadeging kaprabon, aywa kandheg madhangi jagadé,
mangka panariking rèh sayekti,
ing pati pinanggih, kautamèng prabu.

33. Yen aresik prajanira yayi,
sagung ingkang tumon, praja kang lyan
kocap prawirané,
takut mulat kaarjaning bumi,
trusing budi yekti, Wibisana nuwun.

34. Tilasing wadya kang galak nguni,
ingunen aywa doh,
manjing maring ratu kagunané,
iya dadi busananing bumi, atur tanpa uwit,
sikakna kadyaa sung.

35. Prabu Wibisana awotsari,
wré samya anjomblong, miyarsa ring prabu pituture,
lan maningé adegira yayi,
ngalengka nrepati, winong ing tumuwuh.

36. Nguni kadya winisan prajéki,
sira madeg katong,
iya ingkang dadi panawané,
mamawa suka isining bumi,
dénya prabu titi,
titih yèn megatruh.

Pupuh LXXIX
Megatruh : 29 Bait

Dalam pupuh ini tidak berisi wejangan atau ajaran, hanya berupa lukisan alam.

Pupuh LXXX
Dhandhanggula = 38 Bait

1. Lawan yayi prabu den nastiti,
anitèni ing wadya pungguwa,
amrenahaken karyané,
kang bisa ing alembut,
aywa wèhi agaling kardi,
kang bisa maring agal,
aywa wèhi lembut,
kang prakosa ing ayuda,
ana ingkang prakosa sabarang kardi,
dèn bisa matah-matah.

2. Miwah wadya kang alus semadi,
karem marang pangulah mumuja,
tulusena panggawéné,
aywa ta wowor sambu,
koron laku dhompé ing budi,
tumpasoning prakara, reged empanipun,
yayi prabu Wibisana,
wateking wong tumpangsoh sabarang budi,
cacad marang wiwéka.

3. Ingunen punggawa pekik-pekik,
yayi dadi kumalaning praja,
ambusanani jagadé,
punggawa kang dibya nung,
aprakosa maring ajurit,
yèku minangka wisa,
amisah ing mungsuh,
punggawa kang bisa basa,
basukine marang krama kukuh titi,
karyanan tuwanggana.

4. Sarta ingkang wignya barang budi,
wruh ing santabudi paramarta,
lepas marang wekasané,
wekasing rèh rahayu,

aja adoh lan sira yayi,
palané, aywa pegat,
réwangen amuwus, wuwus marang kautaman,
wekasaning urip iku nemu,
pati, pati patitis mriya.

5. Nora béda pangrehira yayi,
iya marang ing Jagad sadaya, lawan jagadira dhéwé,
myang waler sangkeripun,
luputing wong angulah bumi, lawan angulah badan,
padha pajunipun, pondurané
kèri kana, yèn wis kena kang dadi gegawa sisip, dèn
awas kinawruhan.

6. Kawruhana sadina ywa lali,
pama darma murub tan kanginan,
atejem dadi urubé,
yayi pepeteng pitu,
tutupana singkuren ugi,
luluputingkang badan, lawan praja iku,
sami amitung prakara,
yèn kareksa brukut pangunjaranèki, maring pitung prakara.

7. Yayi prabu Wibisana
iki, lirè pepeteng pitu ing jagad, iya sawiji-wijiné,
mungguh jenenging ratu, aywa cidra maring papatih,
papatih aywa cidra, mring punggawanipun,
kang para punggawa aja, anyidrani iya ingkang para mantri,
para mantri ywa cidra.

8. Marang Janma désa Janma tani,
lan baliké dadi saprakara,
patih ja cidrèng ratuné,
miwah punggawanipun,
iya aja cidrèng papatih,
lan mantri aywa cidra, mring punggawanipun,
miwah saturuté pisan,
yèn neraka temahan salaya budi,
budi mrih kabudayan.

9. Yèkuwité ingkang memetengi,
peteng pitu yèku kapala,
déné yayi kapindhoné,
ing Jenengira ratu, ing santana mantri kakasih,
aywa sih yèn wus katrap,
adiling prajèku,
yèn ratu iku gagampang, maring adil
lan maring mantri iku kakasih,
yèn katrap ingalingan.

10. Iku yayi pepeteng ping kalih,
dènè pepeteng kang kaping tiga,
papatih lan punggawané,
aja matur ing ratu, ngaturaken dadia mantri,
mring anak miwah kadang, myang santananipun,
kalamun durung prayoga, durung bisa busananing mantri,
basukining wiwéka.

11. Apan sariting akarya mantri,
iya nora kena ginagampang,
dhingin wruhaning awaké,
lamun wekasan lampus,
nora awèt jamaning urip,
kapindho mantri wruha,
wekasaning dudu,
lawan wekasaning iya,
lan wekasing lor kidul kulon udani, wétan miwah ing tengah.

12. Lan weruha ingsining jaladri,
tuwin ingsining wana sadaya, utamèng bumi langité,
lawan manising tembung,
wruh ing tembung kang kandel tipis,
miwah kang dawa cendhak,
mandhek lawan laju,
myang purwa madya wasana,
basa mantri sudarsaning praja di,
busananing nagara.

13. Kang apekik utamaning mantri,
ulat tangguh nrus ing kalbu tatag,
trangginas marang karyané,

ayem marang pakèwuh,
ririh rèrèh marang ing pamrih, aris marang rerasan,
putusing rahayu, tetep yènna mawilaga,
titih tètèh tétéla mring siyang ratri,
ratriné puruhita.

14. mantri sasmita busanèng budi,
mrih durcara awasing wiwirang,
nora gumunggung ambeké,
arjaning tyas kadurus, deres
ingkang wiwéka titi, titikan tan antara,
pantaraning atur,
weruh sandining sampéka,
suleksana tan galak
tututing liring, larang liring sandéa.

15. Mantri mukya kondhang ing praja di,
kang wus tatal rèh tinula-tula,
tuman tutut tutuladé,
tan dadak tindak tanduk,
wruh ing dudu dandanan dadi,
kang suda pinisuda, kang luput linimput,
winong winanguning krama,
supayané miyata kang miyatani,
putih ing pangupaya.

16. Wruha ring rèh sarèh sangking ririh.
yèn ingkang wus bisa ganjang awas,
wus kawawas sakéwuhé,
nistha madyaning laku,
kautaman kaciptèng galih,
gagala nora gagal,
mantri agul-agul, manggala golonganing
prang, myang bicara putus mustikaning mantri,
suméh ing pasamuan.

17. Tan asama semuning sasami,
sumuking nétya madya utama, tinaman krama pamèté.
susila dursila yu,
kontap pinèt sangking pakarti,
samangsané tinata, wus atap tan luput.

putus patitising tingkah,
kang mangkono ayya doh kathiken yayi,
busana natèng praja.

18. Mantri punggawa lajer ing bumi,
nora kena yayi singa wonga,
adegé wisma pamané,
ana sakané guru,
sakarawa mantri lit-alit, yèn ana kang anyelak,
upamané bubuk,
iku mantri kadurcara,
mamarahi iya nora anguwati, marang adeging wisma.

19. Kaping paté pepeteng ta yayi,
ayya amét artaning punggawa,
lan aja mundhut sutané,
lan kaping limanipun, yayi aja nglarangi kali,
aja nglarangi alas,
tegal-tegal gunung, ara-ara lan samudra,
isi apa yayi aja dèn larangi,
upajiwaning wadya.

20. Kaping nemé ayya sanggarunggi,
marang sagunging prajuritira,
miwah juru tampingané,
aja anereng bendu, mring prajurit mring juru tamping
kang sira patah jaga,
nadhahi pakéwuh,
tetepé pitu durjana, singgahena
gegelah regeding bumi,
kabèh wisaning praja.

21. Peteng pitujroning badan yayi,
patraping pati-pati pantaka,
endi dadi reregedé, ayya karem dyah ayu,
ayya karem ing emas manik,
sosotya nawa retna,
ing patinunungkul,
kekesen tyasira arda,
kunjaranen ing puja sarta semadi,
kasukan apesena.

22. Yèn sira mrih utamaning pati,
iya yayi prabu Wibisana,
tumus praja utamané.
anggep pengrèh wadya gung,
yèn luputé pandhanen yayi, lawan luputing pejah.
iku yayi prabu, yèn luput dora mrih pejah,
yekti luput pagrèhira ing prajadi,
padha kang dadi béka.

23. Tunggal peteng pitu jroning jisim,
ayya ngekèhaken ing susumbar,
iku wong sumekti dhéwé,
ambek prawira di gung,
iku yayi petenging ati,
apan iku larangan,
tanpa tut kawuwus,
yayi dudu duwèkira,
kagungané kang akarya bumi langit,
kibir dirdirèng jagat.

24. Lawan aja galak sirèng lathi,
agung dudu tan angapura,
mimisuh saruwuwusé,
tunggal pepeteng pitu,
lamun nora ilang ing galih,
nora bisa utama, ing patining ratu.
kalethek arsa nanacad,
iku yayi susuker nyukeri galih,
barang salayèng karsa.

25. Békaning pati mala malilit,
mulet ati lulut nora kéntas,
békaning praja ruwedé,
tutur katawur-tawur, nora tawar dénnya mrih yekti,
sisingat ing andaka,
dinadak tinanduk,
kasulak kapelak-pelak, ing tyas gugup nora kongsi anggagapi,
agahan tur kagéyan.

26. Lamun ana punggawanta wegig,
nanging dremba parenggan ing mas,

didimèn dadi setyané,
ampuh kinarya panduk,
maring mungsuh asring kajodhi,
nora kalawan aprang,
panungkuling mungsuh,
yayi prabu Wibisana,
yèn wus pepak kondhang pangulah nagari,
subaga jayèng rana.

27. Lan sumebar murahira yayi,
yèn sumawur paramartanira,
mungsuh prapta nungkul dhéwé,
saksat batara Guru, panganggepé sing wong sirèki,
sawab legawanira,
pracayèng pakèwuh,
déné sira wus pratama, reregeding badan sampun angawruhi,
wruh reregeding jagad.

28. Mungsuh jroning badan wus kajodhi,
mungsuh susukering praja bisa, binéngkas
basuki kabèh,
yèku digdaya tuhu, surèng rana ing agal alit,
panjatiné wisésa, wasistha kawengku,
kakangira Dasamuka, pan pinunjul ing prang prakosa linuwih,
nanging agal kéwala.

29. Mungsuhing badan tan dén kawruhi,
pira yayi wrawating ayuda,
apranga lan sira dhéwé,
tan wurung kasoripun,
ing sayekti-yektiné yayi,
timbang kalawan sira, kaprawiranipun,
kari kasujananira,
iya pira kuwaté wong gedhag-gedhig.
pan misih kuwat nalar.

30. Yayi prabu den awas dèn éling,
Baboning kang marang kaluhuran,
apura parikramané,
adil pan suka bahu,
adil iku pan madya yayi,

apura pan utama,
betah dadi luhur,
samektanen yèn kacandhak,
poma yayi apura trusen nèng galih,
prabawa paribawa.

31. Prihen temen apuranirèki,
andarma angaubi sajagad,
puragèng bisa basané, basuki
sabayantu, babayané nora bayani,
reksanen buta désa,
butèng gunung-gunung,
kabèh salina paréntah,
padha nuta paréntah winangun iki,
wawangun kamulyan.

32. Kamulyané sajagad dumadi,
kareksané birati durjana,
dursila salah lepasé,
suyasanen kang pinangguh,
guwa peteng lan jurang trebis,
kali-kali kalingan,
ing sastra sang prabu, amadhangi sabuwana,
jroning guwa katon pinanduk ing tulis,
padhang reged katawang.

33. Kasmala-malamalaning bumi, yayi prihen waluya kang ala,
élinga mélik kalalèn,
lilanana ja nglulu,
tutulanen dimèn katali, aywa kongsi katula,
tula alanipun,
dènira rumekséng bala,
balabané marang bala angelèbi,
kalaban sabuwana.

34. Prabawané sarjanta yayi,
prayogyana kretagyananira,
wigya susila darma wèh,
ayunira amayu,
ngilangaken mala wèh mukti, mrih titi parikrama,
kramanira nulus,

sira nrepati Gunawan,
susilawan punyawan marta menuhi,
sampating pasang séta.

35. Dhatan liyan setyanira nguni,
amung muhung apura kéwala,
Wibisana tur sembahé,
mugyaéstu wa pukulun,
sabdaning kang binatara di,
sang prabu Wibisana, matur sarwi muwun,
danawa ditya reksasa, kethèn yutan
sakariné kang ngemasi, prapta mring Wibisana.

bait 36 sampai 38 hanya cerita biasa bukan berisi ajaran.

Pupuh LXXXI
Sinom = 16 Bait

1. Hèh yayi prabu Ngalengka,
ana karyané mas manik,
sosotya myang nawa retna,
ing gedhong gantungen yayi,
mangka praboting bumi, béya
busananing ayu,
asriné prajanira, gumantung lawan mas manik,
saregepa ambeciki prajanira.

2. Punggawa ambek dipangga,
sira ngingua ta yayi,
lan punggawa ambek singa, lan ambek andaka sami,
pada kathiken katri,
lawan ingkang pindho nujum,
kang pindho pinandhita,
sira aduwéa yayi,
kabèh iku dadi busananing praja.

3. Wadya kang becik swaranya,
lawan ingkang pekik-pekik.
lawan kang bisa lah-olah,

kang bisa mamatut malih, kebon-kebon prasami,
yayi ingunen sirèku,
ayya pegat mumuja, barang prakaraning bumi,
atasana marang Hyang jagad pratingkah.

bait 4 sampai 16 kembali ke cerita biasa, bukan ajaran.

Sebagaimana dalam teks Ramayana Kakawin di bagian Sarga XXIV, 50--60 diuraikan tentang wejangan Rama kepada Bharata, pada teks Serat Rama pupuh V. 1-42 dan pupuh VI, 1-19 juga diuraikan wejangan Rama kepada Barata adiknya. Ajaran yang diberikan oleh Rama ini juga mempunyai makna sama dengan astabrata, namun ajaran ini disebut dengan "Sastra Cetha".

Bagian yang memuat ajaran tersebut adalah :

Pupuh V
MiJil = 42 Bait

1. Lamun sira madeg narapati,
   Yayi wekasingong,
   apan ana ing prabu ugeré,
   sastra cetha ulatana nuli,
   omahna dèn pasthi,
   wulanging sastrèku.

2. Rèhning janma tama nguni-uni,
   kang mengku kaprabon,
   ingkang niktha kawruhan kabèh,
   miwah madya utama ywa lali, liring siji-siji,
   dèn kena ywa tungkul.

3. Tindaking nistha mangka wewedi,
   temah tan agepok,
   ingkang madya resepana baé,
   mring utama sira radèn kapéngin,
   dèn kadi sira mrih,
   sengseming dyah ayu.

4. Nistha iku tindak walang ati,
   saliring pakéwoh,

iya béla-béla ing ciptané,
mring santana myang punggawa mantri,
anggung sanggarunggi,
andhedher pakéwuh.

5. Tan wuning rèhning don niniwasi,
ambek kang mangkono,
ing madyané ilangena kabèh,
dèn patitis awrat sanggarunggi,
utamané yayi,
kabèh dèn kacakup.

6. Alahayu pan darbènirèki,
ing rat tan pakéwoh,
ingkang ngalaya priyen beciké,
pinèt ing suka dinanan ugi,
waregan ping-ping,
jejelana wuruk.

7. Ing kadarman wruhna pakenaning,
meten sukaning wong,
barang karya ana bubukane,
winéwéka ing reh ingkang isi,
ala lawan becik,
tuwin gampang ewuh.

8. Yèn wadyanta binobot pinardi,
tyas mèsi pakéwoh,
anggung babaya ing wekasané,
kang mangkono kekesen tumuli,
iku tan winaris,
ing gunem rahayu.

9. Pan lilima ingkang babayani,
gunggunging pakéwoh,
dèn prayitna ing wadyanira kabèh,
sasat musuh angepung purèki,
iku den pakéling,
kang rayi wotsantun.

10. Ramawijaya ngandika malih,
dununging limang gon,
kang angambah singgahena agé,
maring wana aywa wor prajèki,
yekti bilaèni,
ing prajanirèku.

11. Dhingin maling kapindho ya maling,
Yayi maling wadon,
kaping tri wong bébégal gawené,
kaping pat yayi bobotoh juti,
ping limané yayi,
wong kinathik ratu.

12. Kudu-kudu mrih awak pribadi,
lali ing lelakon,
ratu iku ratuné wong akèh,
lan gunemé kalamun tinari,
pasamuan sami,
nora bisa metu.

13. Mengko lamun bubar kang tinari,
denira sang katong,
tumarutul duwé atur dhéwé,
kang mangkono gegedheging bumi,
yèn ratu angathik,
mring wong liyanipun.

14. Anyenyengkah ing reh karoroh sih,
rèh mung awakingong,
agung irèn dahwèn pati opén,
panastènan rupak samodrèki,
yèku ngengembangi, prajanira kuwur.

15. Karané yayi wadyanirèki,
kang tuwa kang anom,
prawignya kang wruh,
ing semu sumèh, ing pasemon sumingkir ing sisip,
lumebet ing sèsthi,
susila rahayu.

16. Nora arda asor yitnèng krami,
andelening kéwoh,
kang nora mrih ing awaké dhéwé,
putusing wéka mengo ing sirik,
yekti rèh tan dadi,
manasaring laku.

17. Yèn ana wadya sabarang kardi,
remen anggawok,
kumaweruh ing pagunan kabèh,
kabakit tan mung ngrungu nenempil,
tan darbé pribadi,
nganggep ngaku-aku,

18. Miwah yèn aprang adhidhingini,
sru polah lok-alok,
ing batiné angempèk kuwanèn,
iya dudu waniné pribadi,
kang mangkono yayi,
prenahna dèn gupuh.

19. Tunggu ampinganing tepis iring,
anggepé sumaguh,
anèng praja pan dudu gawéné
ngrérégoni ing wadya sru niti,
iku wong baribin,
yèn kinon tutunggu.

20. Nora duraka wong tunggu tamping,
sapatuté linyok,
amrih aywa sinoring mungsuhé,
wenang mring mungsuh ngungkul-ngungkuli,
dèn wruh siji-siji,
pakaryaning wadu.

21. Yèn ana wadya bangkit sayekti,
Wirata mèng kéwoh,
animpuna ing guna yektiné,

asring pènget ing wadya nrepati,
tuladan prayogi,
myang sudira tangguh.

22. Pantes ta karyaning sénapati,
tumitah palugon
tumontana wadya sakathahé,
myang tibané tiba ing atebih,
kang liyan prajéki,
prabuné kang punjul.

23. Dé wadya wruh susila sayekti,
prayitna tan awor,
tyas patitis karahayon kabèh,
konen weruh laraning prajéki,
lan énaking alit,
iku dèn kadulu.

24. Pan wus ubaya ing narapati,
rumeksèng kaprabon,
kang wus tetep rumeksa ing akèh,
kalaraning praja dèn pakéling,
larapana ing sih,
wadya saprajèku.

25. Yèn wadyanira kang alit-alit,
sotya ing pakèwoh,
botana sih sinimpen baé,
paé kang wus satriya dipati,
singa upamèki,
ing karosanipun.

26. Mangsa anganggo aya dèn wuwuhi,
wus wateké gero,
iya mung tuhunira baé,
ingkang dadi lan pasrahireki,
marang ala becik,
ing prajanirèku.

27. Dèn prayitna pamulènirèki,
mring wadya kang tanggon,
ing ayuda titi sudirané,
luwihena luputen ing kardi,
kang kari samya mrih
sumusul kadya ku

28 Aywa wor lan dibya ing sastrèki,
ajanging kaprabon,
ala ayu ing sastra tindaké,
ingugeman titi ingulati,
ing rèh ming éring sih
angiwakken iku.

29. Lawan sengseming wadya gung alit,
priyen ing lelakon,
kapandhitan ucapen dèn akèh,
rasanana wekasing ngaurip,
kang rayi nuwun sih,
karuna wotsantun.

30. Ramawijaya malih mèngeti,
yayi ana roro,
luwih sangking nyunyukeri ngramé,
kereng dengki singgahna tumuli,
dosanya mrih sedhih,
krodhanya wor wuwus.

31. Saksat mimitra lan mungsuh misih,
rerenggi palugon,
dé kadereng amrih kinawedèn,
iku dosanè ngimbuh-imbuhi,
durung wruh ing sisip,
kasusu angrawus.

32. Kadyangganing kambing dèn sandhingi,
kayu wus tinotor,
tulus suka tumracag mèmènèk,
nora sangsaya awira-wiri,

darunanya sebit,
cacadé gung nepsu

33. Gawanan cacad ageng malih,
wong anggung kawuron,
dhemen nginum ala ngen-angené,
ciptaa ring rusak katarik,
lir kuthila wegig,
sabarang kawengku.

34. Aywa padudon sabarang kapti,
tistisé angradon,
liwat ala iya pakolihé,
tan was sangking ingumpeti kapti,
durni minta kapti,
sawadyanirèku.

35. Yèn sira yun amukul praja di,
miliha kang tinon,
punggawa kang lir singa leksé,
singa iku yèna mawi kardi,
solahe awingit,
tan arsa kadulu.

36. Yèn anedya amrih babayani,
nanging jrihing éwoh,
yèn anedya mrih kinèdhep baé,
graning krura solah gigilani,
lir ambéngkas urip,
mung amrih panungkul.

37. Iku wignyané sing aprayogi,
waskithang kéwoh,
yèn sira mrih arta upetiné,
salina punggawa kang tinuding,
ingkang ambek-ambing, aja kang karuhun.

38. Ambeg singa kinén mrih upeti,
Yekti tan pantuk don,
Tuwas besem jer dudu gawéné,

Pakaryané ingkang ambekambing,
tan kulinéng resik,
Carya mamrih Ratu.

39. Noraga dhatan amrih mranani,
sengsem thoyok-oyok,
mari-mari yèn wus pangarahé,
tantana yèn miyat nganan ngéring,
ring pangangkah ngungkih,
tingkahé nyarutu.

40. Iku liré yèn amatah kardi,
pinaryoga kang wong,
gampang angèl ana papantesé,
barang karya aywa aming kalih,
surem surat rawi,
elik tan mituhu.

41. Pama timurkinèn ing awerit,
lalosoh anempoh,
saliring rèh pada ana mangsané,
tan kena yèn cinakrabawèngsih,
ing don tan matitis,
temah arubiru,

42. Lawan bala kang asring nyidrani,
sapapadhaning wong,
nora kena dinuta yektiné,
nora.antuk pangupaya, becik,
karahayon sebit,
tiwas tanpa madu.

Pupuh VI Dhandhanggula = 31 Bait

1. Ramawija ya lingira amrih,
rumeksaa ing praja Mandhala,
wawengkon sapunggawané,
aywa sah saben dalu,
wong dursila kekesan sami,
amrih lestari samya,

kang ulah manengkung,
asamadi puja mantra,
aywa kongsi susah karégonan maling,
kabèh kang ulah puja.

2. Pakolehé kaduwé sang aji,
ambuboni karahayoning rat,
lawan ta yayi malihé,
ambecikana lurung,
myang marga ring jaban kithèki,
rèhen pendhak na toya,
sumber sendhang sètu,
pancuran-pancuran talaga,
urut marga wèhana balé sayekti,
wèh santosèng lumampah.

3. Upamanè ratanira yayi,
lan dipangga wusnya pinalanan,
winèwèyan sanjata dènè,
mundhak santosanipun,
pasthi kahot lawan kang lagis,
wong arèrèn upama,
nèng tepining ranu,
wus ayem nuli wuwuha,
ana balé sayekti wuwuh panaring,
wéh sukaning lumampah.

4 Apan ratu iku tyasing bumi,
wus janjiné ayem amrih suka,
marang ingsining prajané,
lawan ta malihipun,
mumulénen pandhita resi,
kang ulah kapandhitan, bojanen sakayun,
srahna wadya kang mudha,
konen nuduhaken pakarti prayogi,
tindak sumiwèng praja,

5. Ulatana lirik kendhénkeni,
wadyanira kabèh kang sumiwa,

ana kang tuwa wateké,
ana watek nomipun, ana watek cuwa yèn niti,
karyanen cuwa tuwa,
aywanta raginung,
darapon sisya gunanya,
toha jiwa sasana aliring kardi,
panggahnirèng wiweka.

6. Rèhning sujanma kang uni-uni,
sayogya yèn alapen sadaya,
tarwangwang rèh kamulyané,
sariwa-riwanipun,
lakokena saulahnèki
malah dadya surat,
surating krama wus,
saliring sumèwa pasang,
ing pasanganing ngayudya palupi,
rèhning aniti krama.

7. Sira yayi dèn mardi ing dasih,
asihéng wadya dibya, sumbaga,
lan purwaka prawirané,
yèn bala tan atantun,
ing rowangé barang pra kawis,
sumawana wus bisa,
ing pangrasanipun,
pan iku watek durjana,
tan wruh ayu gerengana dimèn mari,
priyen amusawarat.

8, Apan uwis ubayèng nerpati,
amarasken dasih ingkang édan,
aminteraken bodhoné,
ambeneraken bingung,
marékaken kang salah karti
ratu upama *surya,*
surya padhangipun,

mara tan isa buwana,
nora nana sélak padhanging *hyang Rawi,*
amung lawan kinarya.

9. Singgahena dursila sakèhing,
wèha sira sih janma santika,
nuragèng jagad jagané,
tétéla yèn tiniru,
kang durjana anedya mari
yèn nora marènana,
kinenaning tuduh,
remen dèn padha lan wisa,
samangsané patènana rina wengi,
uler tan dadi dosa.

10. *Upamardi* jeneging narpati,
ingkang prajà dukut anèng wana,
katon saparibawané,
ingsiné ngalas iku,
kaungkulan marang ing ardi,
sagunging wadya bala,
alas paminipun,
prabunya minangka singa,
kareksané singa peteng ing wanadri,
yèn alasé apadhang.

11. Dadi singa nora dèn kèringi,
nadyan rosaa datanpa karya,
budia aglis kenané.
dadya wus janjinipun,
ratu iku asih ing dasih,
macan asih ing alas,
wus ubayanipun,
marmané priyen ubaya,
punggawa gung tetepé kang guna sekti,
kinenan sangking boga.

12. Singa-singa yèn wadyanta sakit,
tulungen den miwah tetamba,

dèn prapta ing sawarasé,
yèn sira nemu mungsuh,
kasor aywa sira patèni,
kunjaranen kéwala,
sawataranipun,
agé nuli luwarana,
rasuken dèn saéngga kang kulit daging,
walangati ilangna.

13. Wèhen bawa dèn pracayèng batin,
kumandeling hyang jagat pratingkah,
sedya yu ora-oranè,
nemua tan rahayu,
lamun bumi maksih dèn ciki,
langit misih ngauban,
seksining tumuwuh,
yètyasira nora was-was,
marang mungsuh kang kasor ginawé becik,
winales ing jawata.

14. Kaluhuran kaprawiran sekti,
poma yayi musthikaning tékad,
kang ngandel marang satrunè,
winales ing Hyang Guru,
upamané ing tyas rarenggi,
ngalang-alang king ika,
rerengginé satru,
yèn sira kumandel pasrah,
anglir ngagni tumiba ngalang alang king,
kobar anuli sirna.

15. Kari bektiné lan asih wedi,
dénya sangeté kumandelira,
hyang girinata walesé,
tyas sanggarunggi iku,
salah cipta awalang ati,
kakembangan niaya,

apes temahipun,
datan antuk kaluhuran,
nistha baé morantèk mungsuhirèki,
yèn sira nganiaya.

16. Mung sadhéla kéringanirèki,
temahané sira karusakan,
jer adoh lan batharané,
kumandel réh rahayu,
kaluhuran wuwuh minbuhi,
rineksèng widi dhustha,
nirèng satru mungsuh,
rèhning rèh legawa marta,
poma yayi teteping luhur myang sekti,
mot marta paripurna.

17. Sira dhéwé aywa sah samadi,
barang tindak aja wareg ika,
anedya rahayu baé,
wong sanggarunggi iku,
wong rerengged apes ing bumi,
wayah guna santika,
dibya miwah luhur,
apura paramartéka,
yèn sira wis kumandel marang déwa sih,
kang nedya lat tan prapta.

18. Lamun sira amengku marta sih,
dadya.rineksa déné wus kocap,
praja lusmarta tindaké,
pinanjingan rahayu,
arja papa mulya bilahi,
yéku tan nana ingkang
lyan sangking Hyang Guru,
sagungé ingkang tumitah,
datan ana nglabeti sawiji-wiji,
mung hyang jagad pratingkah.

19. Simaning ala barang sekalir,
mung antepira aywa sandéa,
nguni-uni utamané,
omahna barang tinut,
rahayuné réh wus pinanggih,
yèn ana wong ngrancana,
marang rowangipun,
dohna prenahna dèn kiwa,
poma yayi panggahen apuranèki,
wekasing kaluhuran.

Bait 20 -- 31 bukan wejangan lagi, kembali ke cerita selanjutnya.

BAB IV

ASTABRATA DALAM PEWAYANGAN : PAKEM MAKUTARAMA

4.1 Pengantar Pakem Makutarama

Seni pewayangan yang merupakan warisan nenek moyang bangsa Indonesia dapat dikategorikan sebagai seni tradisional. Walaupun sejarah perkembangannya tidak dapat diikuti dengan jelas. Yang ada sekarang sebenarnya tidak lain sebagai suatu perkembanaan seni pewayangan di tahun 80-an, bahwa seni pewayangan masih ada dan tetap hidup di tengah-tengah masyarakat. Dalam seni pewayangan fungsi seorang dalanglah yang sangat penting, karena ia sebagai pengemban misi yang mengandung nilai tinggi melalui tokoh-tokoh pewayangan yang ada. Kemudian masyarakat penonton akan mengambil hikmah dalam pertunjukan wayang, melalui lakon-lakon yang ditampilkan oleh ki dalang.

Demikian Juga pengenalan mengenai istilah astabrata yang merupakan ajaran kepemimpinan yang pertama-tama terdapat dalam Ramayana Kakawin yang selanjutnnya berkembang dalam naskah-naskah mengenai kisah Rama, tepatlah diperkenalkan oleh ki dalang dalam pewayangan dengan Lakon "Wahyu Sri Makutarama".

Buku pewayangan yang digunakan acuan dalam penulisan ini adalah buku "Pakem Makutarama" karangan Ki Siswoharsoyo, terbitan "Pesat". Yogyakarta, tahun 1954. Dalam lakon Makutarama

istilah Astabrata merupakan ajaran kepemimpinan yang diberikan pada Arjuna oleh Bagawan Kesawasidi. Ajaran tersebut disebut wahyu Makutarama, yaitu ajaran yang berisi watak-watak dari 8 dewa, yang merupakan landasan dalam kepemimpinan. Namun demikian dalam buku ini juga disebutkan bahwa ajaran yang serupa dengan astabrata juga diberikan oleh Rama kepada Bharata adiknya, yang diminta mewakilinya memerintah di Ayodya.

Sementara itu dalam pewayangan yang mengambil cerita epos Ramayana dalam pakem "Rahwana Gugur" ajaran astabrata dan yang sejenisnya juga diajarkan oleh Rama kepada Wibisana pada saat Wibisana akan diangkat menjadi raja di kerajaan Alengka menggantikan kakandanya, yaitu Raja Rahwana. Ajaran ini diberikan sebagai bekal bagi Wibisana dalam rangka memegang tampuk pemerintahan.

4.2 Ringkasan Isi

Adegan 1 : Jejer Nagari Ngastina

Melukiskan keadaan di negeri Astina dengan menampilkan Prabu Duryudana dan patih Sengkuni yang datang menghadap.

Adegan 2 : Janturan Jejer Nagari Ngastina

Menceritakan tentang kekuasaan Raja Duryudana berikut keadaan negara Astina secara keseluruhan. Kemudian dialog antara Raja Duryudana dengan patih Sengkuni dan Pandito Durno mengenai "Wangsit" atau "Ilham" dari Para Dewa yaitu "Wahyu Makuta Rama" yang berada di gunung Kutarunggu. Barang siapa memiliki wahyu tersebut ia akan menguasai dunia. Akhirnya Prabu Duryudana mengutus Prabu Basukarna untuk mendapatkan wahyu tersebut.

Adegan 3 : Janturan Gapura

Menceritakan kepulangan Raja Duryudana menuju kedatuan (kedaton). Dalang menceritakan keelokan busana raja dan kemegahan kerajaannya.

Adegan 4 : Janturan Kedatonan Ngastina

Menceritakan keadaan di Puri Kaputren Astina berikut putri Banowati anak Raja Mandaraka yang diperistri Raja Duryudana,

menghadap ke Raja Duryudana bersama anaknya Lesmanawati.

Adegan 5 : Janturan Pasebanipun Dursasana

Para Kurawa berkumpul termasuk Prabu Dursasana. Kemudian Patih Sengkuni memberi mandat kepada Para Kurawa beserta seluruh prajuritnya untuk mendampingi Prabu Basukarna mencari Wahyu Makuta Rama.

Adegan 6 : Janturan ing Padepokan Kutarunggu

Menceritakan padepokan Kutarunggu yang dipimpin oleh Bagawan Kesawasidi yang sesungguhnya adalah Hyang Suman yang mengejawantah (menjelma) ke bumi/dunia untuk menjadi seorang Pendita. Pada saat itu Bagawan Kesawasidi sedang bercakap-cakap dengan Bagawan Anoman, Bagawan Maenaka, Jakéndra dan Gadjah Sétubanda yang datang menghadap memohon petunjuk untuk mencapai kesempurnaan hidup dengan bertapa. Berikutnya datang Prabu Basukarna, Patih Sengkuni yang meminta petunjuk tentang keberadaan Wahyu Makuta Rama.

Adegan 7 : Kocapan Gara-gara

Menceritakan tentang para punakawan, Petruk, Gareng, Semar menghibur Arjuna yang sedang bersedih dalam usahanya mencari Wahyu Makuta Rama. Para punakawan tersebut menghibur dengan menembangkan lagu-lagu ceria yang berisi ajaran-ajaran hidup.

Adegan 8 : Janturan Adegan Janaka Wonten Satengahing Wana

Menceritakan tentang Arjuna yang berparas rupawan sedang bersedih hati di tengah hutan, karena belum menemukan Wahyu Makuta Rama yang menjadi pegangan dalam pemerintahan.

Adegan 9 : Janturan Jejer Pratapan Deksana

Membicarakan percakapan Prabu Wibisana dengan Patih Padya Wastana tentang putra Prabu Wibisana yang bernama Prabu Bisawarna. Prabu Wibisana mengutus Patih Padyawastana untuk memberi wejangan kepada Prabu Bisawarna dalam menjalankan pemerintahannya. Setelah Patih Padyawastana pergi datanglah Nuraga sekeluarga menghadap untuk meminta jalan kebenaran hidup yaitu

mencapai muksa. Prabu Wibisana menganjurkan Nuraga untuk pergi ke Kutarunggu, karena di sana mereka akan menemui seorang satria yang akan menjadi Jalan untuk mencapai kesempurnaan hidup. Akhirnya berangkatlah mereka ke Kutarunggu. Di tengah jalan bertemu dengan satria yang bernama Arjuna. Lewat Arjuna inilah mereka mendapatkan kesempurnaan hidup.

Kemudian cerita beralih di Padepokan Kutarunagu. Bagawan Kesawasidi didatangi Anoman. Anoman sangat sedih karena merasa bersalah telah mengambil anak panah Basukarna yang bernama Wijayadanu, yang oleh Basukarna diarahkan kepadanya, sehingga Basukarna mengalami kekalahan. Untuk menebus kesalahannya Anoman beserta saudara-saudaranya oleh Bagawan Kesawasidi disuruh bertapa di gunung Kendalisada. Setelah Anoman pergi, Bagawan Kesawasidi kedatangan Bagawan Wibisana. Bagawan Wibisana merasa tersinggung karena tanpa ijinnya, Bagawan Kesawasidi telah berani berpadepokan di daerah kekuasaannya yaitu di Kutarunggu kerajaan Senggalapura. Begawan Kesawasidi diusir, namun ia menolaknya, sehingga terjadilah peperangan yang dahsyat di antara keduanya. Bagawan Kesawasidi lalu bertriwikrama, ujudnya berubah kembali ke aslinya yaitu Sang Hyang Saman. Melihat hal itu Bagawan Wibisana sadar dan mengakui kesalahannya, Sang Hyang Saman pun berubah menjadi pendeta lagi. Kemudian Bagawan Wibisana mendapat wejangan mengenai kehidupan. Setelah itu Bagawan Wibisana kembali ke Lokantara. Di tengah perjalanan ia bertemu dengan Arya Kumbakarna lalu memberinya wejangan bahwa apabila dia ingin mendapatkan kesempurnaan hidup, dianjurkan untuk pergi ke Gunung Suwelagiri, masuk ke raga seorang satria yang luhur budinya.

Adegan 10 : Janturan Jejer Nagari Ngamarta

Menceritakan Negara Ngamarta yang dipimpin oleh Prabu Puntadewa yang dibantu oleh adik-adiknya yaitu Arya Bratasena, Nakula, Sadewa, dan Arjuna. Mereka ini disebut Keluarga Pandawa. Sedangkan yang bertahta di Pringgodani adalah Arya Gatotkaca anak dari Arya Bratasena. Adegan ini menceritakan tentang Prabu Puntadewa yang dihadap oleh Arya Bratasena, Gatutkaca, Nakula dan Sadewa, mereka membicarakan hilangnya Arjuna dan Prabu Kresna

yang disebutnya Prabu Padmanaba. Prabu Puntadewa menugasi Bratasena dan Gatutkaca untuk mencarinya

Adegan 11 : Janturan Jejer Kasatriyan Madukara

Diceritakan tentang keadaan di Kasatriyan Madukara. Di taman Madukara Para istri Arjuna berada, yaitu Dewi Wara Sumbadra, Dewi Wara Srikandi, Dewi Larasati dan Dewi Sulastri. Mereka semua bersedih karena ditinggal pergi Arjuna suaminya. Di tengah-tengah kesedihan mereka datanglah Narada dari kahyangan, ia menjelaskan tentang duduk persoalannya mengapa Arjuna sampai Pergi meninggalkan mereka, yaitu mencari Wahyu Makuta Rama. Narada menawarkan kepada Dewi Sumbadra dan Dewi Srikandi, apabila mereka ingin mencari Arjuna ia sanggup menolongnya, yaitu dengan mendandani mereka menjadi seorang satria/pria dengan diberi nama Bambang Sintawaka untuk Dewi Wara Sumbadra dan Bambang Kandihawa untuk Dewi Wara Srikandi. Sedangkan Larasati dan Sulastri mendapat tugas menjaga keamanan kasatriyan Madukara, jadi mereka tinggal di kasatriyan saja.

Akhirnya pergilah Bambang Sintawaka dan Bambang Kandihawa. Sampai di tengah hutan mereka bertemu dengan Gatotkaca, dan terjadilah perang tanding. Gatotkaca dapat dikalahkan dan mengakui bahwa sebenarnya ia diutus mencari Arjuna. Mendengar pengakuan Gatotkaca, Bambang Sintawaka dan Bambang Kandihawa berpura-pura mempunyai musuh. Gatotkaca disuruh membantunya, sebelumnya ia diangkat sebagai anak mereka.

Beralih kisah yang diceritakan yaitu tentang Kumbakarna yang mencari kesempurnaan hidupnya. Akhirnya ia bertemu dengan Werkudara (Aryo Seno), dan mengutarakan maksudnya, bahwa ia ingin menyatu di raga Arya Seno untuk mendapatkan kesempurnaan hidup. Tetapi Aryo Seno menolak, maka terjadilah perang tanding. Tanpa sepengetahuan Aryo Seno, Kumbakarna dapat masuk kepaha dan menyatu dengan raganya. Setelah kehilangan Kumbakarna, Aryo Seno melanjutkan perjalanannya mencari Kresna dan Arjuna.

Cerita berganti lagi, yaitu perihal padepokan Kutarunggu. Bagawan Kesawasidi yang telah ditinggal Bagawan Wibisana, kedatangan Arjuna beserta Para punakawannya. Arjuna mengutarakan

maksudnva yaitu ingin mencari Wahyu Makuta Rama. Lalu dijelaskannya, bahwa sebenarnya Wahyu Makuta Rama itu tidak berujud, hanya sebuah ajaran dari Batara Sri Rama. Ajaran tersebut diperuntukkan bagi seorang Raja sebagai pedoman dalam menjalankan roda pemerintahannya. Ajaran tersebut berisi delapan sifat utama yang harus dimiliki oleh seorang raja, yang terkenal dengan sebutan Astabrata. Kedelapan ajaran utama tersebut adalah :

1. Watak Bumi : Artinya, murah hati kepada siapapun yang meminta . Sebab bumi itu bila ditanami apa saja pasti tumbuh, jadi bagi yang rajin bekerja tentu akan sukses karena di perut bumi inilah terdapat mas berlian dan tambang apa saja.
2. Watak Api : Artinya, selalu menjadi pelebur apa saja. Jadi seorang Raja harus dapat memberantas apa saja yang salah.
3. Watak Angin : Artinya selalu berbuat adil. Jadi seorang Raja tidak boleh membeda-bedakan rakyatnya.
4. Watak Air : Artinya, selalu bertindak lurus.
5. Watak Mendung : Artinya, selalu menerima beban seberat apapun Jadi seorang Raja harus berani bertanggung jawab, tidak mementingkan diri sendiri.
6. Watak Bulan : Artinya, selalu menerangi bumi. Jadi seorang Raja harus dapat menjaga rakyatnya, maupun memberi petuah-petuah dan pengetahuan untuk meningkatkan tarap hidup rakyatnya.
7. Watak Matahari : Artinya, selalu memberi kekuatan bagi semua yang hidup. Jadi seorang Raja harus menolong rakyatnya yang sedang menderita sakit, kekurangan sandang dan pangan.
8. Watak Bintang : Artinya, kuat budhinya, teguh dan pemberani. Jadi bagi seorang Raja apa yang

menjadi tanggung jawabnya harus dapat diselesaikan dengan baik.

Demikianlah apa yang disebut ajaran Astabrata. Selain hal tersebut ajaran yang sejenis Astabrata juga diberikan Batara Rama kepada Barata adiknya, saat dilantik sebagai raja di Ngayodyapala. Namun ajaran tersebut diuraikan dalam sifat-sifat delapan dewa yaitu Dewa Kuwera, Brahma, Bayu, Beruna, Hendra, Candra, Surya dan Rodra. Jadi ajaran astabrata itulah yang dinamakan "Wahyu Makuta Rama".

Kemudian diceritakan setelah Arjuna menerima wejangan Begawan Kesawasidi kedatangan Gatotkaca, Aryo Seno, Bambang Sintawaka yang telah berubah menjadi Sumbadra, dan Bambang Kandhihawa yang berubah Wara Srikandi. Dalam Pertemuan tersebut mereka saling berbincang- bincang mengenai maksud kedatangan masing-masing ke pertapaan Begawan Kesawasidi. Dan setelah diketahui apa yang menjadi tujuannya tercapai pulanglah mereka ke Ngamarta. Sesampai di Ngamarta mereka berpesta merayakan kedatangan Arjuna dan Kresna. Namun di tengah kegembiraannya, para Kurawa datang untuk merebut Wahyu Makuta Rama. Pandawa tidak memberikan, maka terjadilah peperangan dahsyat. Prabu Kresna lalu mendatangkan angin ribut untuk menghalau Para Kurawa. Akhirnya mereka dapat dihalau dan pesta dilanjutkan kembali.

4.3 Percakapan Begawan Kesawasidi dengan Arjuna : Teks

Kesawasidi : Hèh jaji Parta! Mara prajogakna lungguhira ajwa taha2. Djaragan pada dedunung ing ngarga. amung kudu narima sakadaré

Ardjuna : Kawula nuwun inggih sandika.

Kesawasidi : Jaji Parta! Mara prasadjakna, apa kang sira karsakaké déné, sira kepati brata ngluruh padununganingsun.

Ardjuna : Duh sang Bagawan ! Walèh-walèh punapa. derenging manah kawula. labet saking kumatjèlu kula badé ngupados *wahju Makutarama.*

Kesawasidi : Apa sira wus uninga marang Wudjudé wahju Makutarama kang sira ulati jaji ?

Ardjuna : Nuwun ngaturaken tjupeting budi miwah rupaking seserepan. prasadjanipun. kula dèrèng uninga wudjud miwah warnanipun ingkang winastan wahju Makutarama. Derenging manah kula, amung saking mituhu dawuhipun para wreda. Amung kémawon. kumandeling manah kula. kasejak mokal lamun wonten asma tanpa wudjud.

Kesawasidi : Teka bener aturira ! Mung baé, keprijé margané bisa pinanggih, déné ngangkah wudjud sira budi saka asma.

Ardjuna : Margining pinanggih, boten sanes amung kedah njuwun pitedahipun ingkang sampun uning dateng asma tuwin wudjudipun ingkang sanjata.

Kesawasidi : Jaji ! Ingsun kepéngin uninga, apa baja sangu-nira kang minangka abon-aboning laku kasembadaning sedyanira.

Ardjuna : Sanguning lampah minangka abon minta pitedah. amung dedamel pangot wadja manah setya miwah kumandeling tékad.

Kesawasidi : Sapa baja kang sira pratjaja kanti kasetyaning tékad jaji.?

Ardjuna : Ingkang sajogi nampéni kasetyan miwah kumandeling tékad kula, boten djangkep kekalih amung Paduka sang adi Panembahan.

Kesawasidi : Heh jaji Parta ! Wus antara suwé ingsun ngantu-antu ngenténi Para Satrijaning pradja kang sajogya nampani wedaraningsun wahju Makutarama. Baja lagi samengko ana titiké kang pantes nampani pangandikan ingsun. Mangertija jaji ! Tembung wahju Makutarama kang dèn anggep dadi pikukuhing pradja iku, sadjatiné amung basa

menjadi tanggung jawabnya harus dapat diselesaikan dengan baik.

Demikianlah apa yang disebut ajaran Astabrata. Selain hal tersebut ajaran yang sejenis Astabrata juga diberikan Batara Rama kepada Barata adiknya, saat dilantik sebagai raja di Ngayodyapala. Namun ajaran tersebut diuraikan dalam sifat-sifat delapan dewa yaitu Dewa Kuwera, Brahma, Bayu, Beruna, Hendra, Candra, Surya dan Rodra. Jadi ajaran astabrata itulah yang dinamakan "Wahyu Makuta Rama".

Kemudian diceritakan setelah Arjuna menerima wejangan Begawan Kesawasidi kedatangan Gatotkaca, Aryo Seno, Bambang Sintawaka yang telah berubah menjadi Sumbadra, dan Bambang Kandhihawa yang berubah Wara Srikandi. Dalam Pertemuan tersebut mereka saling berbincang- bincang mengenai maksud kedatangan masing-masing ke pertapaan Begawan Kesawasidi. Dan setelah diketahui apa yang menjadi tujuannya tercapai pulanglah mereka ke Ngamarta. Sesampai di Ngamarta mereka berpesta merayakan kedatangan Arjuna dan Kresna. Namun di tengah kegembiraannya, para Kurawa datang untuk merebut Wahyu Makuta Rama. Pandawa tidak memberikan, maka terjadilah peperangan dahsyat. Prabu Kresna lalu mendatangkan angin ribut untuk menghalau Para Kurawa. Akhirnya mereka dapat dihalau dan pesta dilanjutkan kembali.

4.3 Percakapan Begawan Kesawasidi dengan Arjuna : Teks

Kesawasidi : Hèh jaji Parta! Mara prajogakna lungguhira ajwa taha2. Djaragan pada dedunung ing ngarga. amung kudu narima sakadaré

Ardjuna : Kawula nuwun inggih sandika.

Kesawasidi : Jaji Parta! Mara prasadjakna, apa kang sira karsakaké déné, sira kepati brata ngluruh padununganingsun.

Ardjuna : Duh sang Bagawan ! Walèh-walèh punapa. derenging manah kawula. labet saking kumatjèlu kula badé ngupados *wahju Makutarama.*

Kesawasidi : Apa sira wus uninga marang Wudjudé wahju Makutarama kang sira ulati jaji ?

Ardjuna : Nuwun ngaturaken tjupeting budi miwah rupaking seserepan. prasadjanipun. kula dèrèng uninga wudjud miwah warnanipun ingkang winastan wahju Makutarama. Derenging manah kula, amung saking mituhu dawuhipun para wreda. Amung kémawon. kumandeling manah kula. kasejak mokal lamun wonten asma tanpa wudjud.

Kesawasidi : Teka bener aturira ! Mung baé, keprijé margané bisa pinanggih, déné ngangkah wudjud sira budi saka asma.

Ardjuna : Margining pinanggih, boten sanes amung kedah njuwun pitedahipun ingkang sampun uning dateng asma tuwin wudjudipun ingkang sanjata.

Kesawasidi : Jaji ! Ingsun kepéngin uninga, apa baja sangu-nira kang minangka abon-aboning laku kasembadaning sedyanira.

Ardjuna : Sanguning lampah minangka abon minta pitedah. amung dedamel pangot wadja manah setya miwah kumandeling tékad.

Kesawasidi : Sapa baja kang sira pratjaja kanti kasetyaning tékad jaji.?

Ardjuna : Ingkang sajogi nampéni kasetyan miwah kumandeling tékad kula, boten djangkep kekalih amung Paduka sang adi Panembahan.

Kesawasidi : Heh jaji Parta ! Wus antara suwé ingsun ngantu-antu ngenténi Para Satrijaning pradja kang sajogya nampani wedaraningsun wahju Makutarama. Baja lagi samengko ana titiké kang pantes nampani pangandikan ingsun. Mangertija jaji ! Tembung wahju Makutarama kang dèn anggep dadi pikukuhing pradja iku, sadjatiné amung basa

kekérasan. Pamoré tembung triwarna kang wadjib tinélad déning Para Pandjenenganing Nata. Mungguh widjangé mangkéné jaji ! Tembung : wahju, iku ora wudjud, nanging kanugrahan kang tuwuh saka temening pangudi. Makuta iku, kaprabon ageming Naréndra kang dumunung ing mustaka. Surasané : agem-ageman kang anggung pinudi. Tembung : Rama iku. djedjuluké Naréndra ing Pantjawatidenta. Dadi tembung : wahju Makutarama iku sadjatiné : saka éntaring ngélmu agemé Sri Batara Rama kang anggung pinudi duk nalika djumeneng Nata.

Saka anggoné tansah mundi ngélmu mau, djumenengé Nata Sri Batara Rama, kongsi dadya pralampita, pinéngetan Para Djawata. Mangkono mau, ora marga saka. gedéning karatoné miwah djembaring djadjahan, nanging saka widagda mangembat pradja sinujudan kawula dasih. Adja manéh kang sipat djanma manungsa, sanadyan Para Réwanda palwaga kapi uga pada sumungkem sujud ambeg ambapa marang Batara Rama. .

Arjuna : Duh sang adi Panembahan Baja punapa darunanipun, déné ngantos samanten kaluhuranipun Sri Batara Rama.

Kesawasidi : Sababé mangkono amarga : pangembating pradja miwah momongé kawula dasih, tansah ngesti pambegan wolung prakara kang dèn arani "Asta brata"

Arjuna : Menggah widjangipun pambegan wolung prakawis ingkang sinebut "Asta brata" wau, kados pundi, mugi kaparenga medaraken.

Kesawasidi : Widjangé mangkéné-jaji ! Kang sapisan ambeging kisma, kapindo ambeging dahana, kaping telu ambeging samirana kaping pat ambeging tirta,

kaping lima ambeging akasa, kaping nem ambeging tjandra. kaping pitu ambeging raditya, kaping wolu ambeging kartika. Déné terangé mangkéné :

1. Ambeging kisma, liré : anggung murah ati marang sapa baé kang njuwun dimurahi. Amarga: kisma iku, lamun tinanduran apa baé, sajekti nuwuhaké woh tikel-matikel. nuwuki marang kang nandur. Nanging, sing sapa sungkan nenandur lumuh ngruki anggarap kisma. benerbeneré ora wenang lamun ngalapa wulu-wetuning kisma. Apa maném. sabar murahing kisma mau, sanadyan pinatjulan dinudukan, tur kadang malah ngatonaké sisimpenan radjaprana mas sesotya pepelikan dadi kasugihané kang anggarap karja.
2. Ambeging **dahana** liré: tansah dadi panglebur. Terangé : anggung ambrasta marang sabarang tingkahé kang njulajani marang anggeranggering djagad. Binasakaké: anggung ambabadi kang rungkud, mantjasi kang malangmalang miwah ambrasta dur angkara.
3. Ambeging samirana, lira: adil para marta. Kabéh sasana sato djanma tetuwuhan. sajekti anggung sinartan ing samirana. Tumrap Naréndra amonging kawula dasih anom tuwa agung alit, tansah dén énaki tyasé ingunggar atiné.
4. Ambeging **tirta**, liré: anggung ngutamakaké rasa sapada-pada. Djer tirta iku tansah watak warata. Ora ana lumahing tirta kang legok mendukul kedjaba jén kena sarana.
5. Ambeging **akasa**, liré : tansah momot amengku marang saliring kahanan. Ora ana akara kang

sesak kadunungan. Tumrap ambeging Naréndra kang Sardjana Sudjanéng budi , binasakaké : anglangut djembar budiné, datan gaduk djinadjagan sawenèhing djanma.

6. Ambeging **tjandra**, liré : anggung madangi satebaning Bawana. Tumrap lelabuhaning Nata amonging kawula dasih, tansah mamardi marang pangawikan ginulang kawruh undaking sesurupan.

7. Ambeging **raditya**, liré: tansah asung daja kekijatan marang kabéh kang gumelar ing djagad. Kabéh-kabéh gumelaring Bawana, sajekti ora ana kang ora antuk daja kekijatan saka soroting bagaskara. Sagara nguwab temah nganakaké udan. tanem tuwuh bisa tukul, ija marga saka prabawaning bagaskara. Tumrap lelabuhaning Naréndra, binasakaké: asung kudung wong kepanasen, awèh pajung wong kodanan, paring teken wong kelunjon, asung pangan wong kaluwèn, awèh banju wong kasatan, paring sandang wong kawudan, malujakaké kang asakit, karja sukané kang prihatin.

8. Ambeging **kartika**, liré: Santosa ing budi, teguh ing tékad, prawira ing tandang. Sabarang pakarti tumindaking djedjibahan kang dèn ajahi, anggung dinasaran Bantering budi kentjenging tékad miwah sabaring (betah) laku. Amarga, sipating kartika iku sajekti tetep santosa ora mantra-mantra timbang jèn amung dèn upamakna gunung wadja.

Mangkono widjangané **asta brata**", mungguhé ingkang nggupita. Kadjaba saka iku ana maném "asta brata" wulangé Sri Batara Rama marang raji Nata sang Barata nalika kawisuda djumeneng Nata mengkoni praja Ngajodyapala. Déné asta brata mau. Sri

Ramawidjaja, nélad pambegané Djawata wolu, jaiku: Batara Kuwéra, Batara Brahma. Batara Baju, Batara Baruna, Batara Héndra, Batara Tjandra, Batara Surja miwah Batara Rodra. Déné surasané asta brata rong warna mau, sajekti tan prabéda. Kang béda amung pilenggahing asma, Mungguh tumanemé marang kang pada nampa. amung gumantung gaduking budi sowang-sowang. Ija pamoring pambegan wolung prakara kang ingaran Asta brata" mau, lamun anggung pinundi kanti patitising tangguh empan mapaning kahanan, sajekti bisa ngirup sanggyané kang tumingal. Ija tapak tilasing lelabuhan kang mangkono mau, kang bandjur mahanani saloka "Wahju Makutarama" dadi pikukuhing praja.

BAB V
ASTABRATA DALAM KARYA-KARYA KHUSUS

5.1 Serat Astha Brangta

5.1.1 Pengantar Serat Astha Brangta

Istilah astabrata yang sering disebut dengan Hasta Brata atau Astha Brangta berasal dari kata Asta yang berarti delapan dan brata yang berarti tugas, kewajiban, asas, laku utama dan keteguhan hati. Secara luas telah diketahui bahwa ajaran astabrata dan sejenisnya mula-mula dikenal dalam ajaran Rama kepada Wibisana dan adiknya yang bernama Bharata. Ajaran-ajaran itu kemudian disebut dengan istilah *Sastra cetha* bagi ajaran Rama kepada Bharata: dan astabrata bagi ajaran Rama kepada Wibisana. Disebut demikian karena setelah Bharata mendapat uraian ajaran dari Rama tentang bagaimana tindakan seorang raja pejabat dan masyarakat. ia merasa "cetha" jelas apa yang harus dikerjakan sebagai seorang raja di Ayodhya. Sedangkan mengapa disebut *Astrabrata*. karena ajaran Rama kepada Wibisana memuat tentang watak-watak 8 dewa yang wajib diterapkan dalam memegang tampuk pemerintahan. Jadi dapat disimpulkan bahwa Sastra cetha dan Astabrata adalah sejenis, yaitu berisi tentang ajaran-ajaran dalam kepemimpinan seorang raja.

Serat Astha Brangta terdapat dalam pakem C.62=M 222= BH294 kepustakaan kraton Yogyakarta. Istilah astabrata terdapat dalam Bab VII - VIII, halaman 1 -- 30. Dalam serat ini ajaran astabrata dikatakan tersusun dalam "buku" karangan Rama yang diberikan kepada Wibisana. Seperti dalam Ramayana Kakawin, ajaran astabrata dalam serat Astha Brangta adalah ajaran yang diberikan oleh Rama kepada Wibisana setelah kekalahan Rahwana dan Wibisana dinobatkan dengan nama Prabu Gunawan Hamungguh, sedangkan Rama disebut Prabu Ramawijaya. Serat Astha Brangta dihiasi dengan gambar 8 dewa berbentuk wayang.

5.1.2 Ringkasan isi Serat Astha Brangta

I Pupuh Megatruh

Serat Asta brangta yang dibuka dengan pupuh megatruh ditulis pada tanggal 14 September 1846 yaitu pada masa kesultanan Yogyakarta di bawah pemerintahan Sultan Hamengku Buwono ke-5. Pada pupuh pembuka ini diceritakan tentang penobatan Wibisana sebagai raja setelah Ramawijaya berhasil menaklukkan kerajaan Alengka. Kedua peristiwa ini melambangkan kemenangan kebaikan atas keburukan. Hal ini disebabkan oleh sifat raja yang bijaksana dan selalu berniat untuk menerima ajaran-ajaran kebaikan dari Ramawijaya. Ajarannya diarahkan pada cara menjalankan pemerintahan dengan baik dan benar dengan tujuan menciptakan ketertiban dan kesejahteraan negara dan rakyat.

II Pupuh Dhandhanggula

Pada pupuh ini diceritakan mengenai ajaran Rama kepada Wibisana yang kemudian bernama Prabu Gunawan Hamungguh tentang cara mengatur pekerjaan para prajurit dan punggawa kerajaan. Disebutkan bahwa seorang raja hendaklah menjaga moral setiap prajuritnya agar mereka berbudi baik, pandai dalam mengerjakan

tugasnya dan bersikap hati - hati. Lebih jauh disebutkan mengenai tujuh hal yang harus dihindari oleh raja, yaitu:

1. Jangan berdusta kepada para menteri (pembesar kerajaan) dan semua bawahan.
2. Senantiasa berbuat keadilan dalam menjalankan pemerintahan.
3. Memberi keputusan yang tepat khususnya dalam memberikan jabatan menteri pemerintahan.
4. Jangan mencari harta dari para pegawai pemerintahan.
5. Jangan membuat larangan kepada rakyat untuk mengolah kekayaan alam.
6. Jangan menaruh curiga terhadap para punggawa/pegawai pemerintahan
7. Jangan terlalu sering menjatuhkan hukuman

Selain harus menghindari ketujuh hal di atas. seorang raja harus mampu menahan godaan duniawi, seperti: wanita cantik, harta benda, nafsu untuk berfoya-foya (bersenang-senang). Juga disebutkan bahwa seorang raja hendaknya menghindari sifat sombong, takabur, pendendam, suka mencela dan pemarah. Sebaliknya, seorang raja hendaklah selalu mencari keutamaan dan senantiasa menyebarkan kebaikan kepada semua orang termasuk musuh. Menjadi seorang raja haruslah mempunyai sikap pemaaf, melindungi semua rakyat, membangun kemuliaan dan hati-hati dalam bertindak dan bertutur kata.

III Pupuh Sinom

Disebutkan bahwa seorang raja harus mampu memilih orang-orang yang tepat untuk kesejahteraan pemerintahan seperti ahli perang, ahli hitungan, juru nujum, ahli masak, dan orang-orang pandai lainnya.

IV Pupuh Dhandhanggula

Dalam pupuh ini diceritakan bahwa seorang raja perlu melengkapi kekuasaannya dengan harta benda, uang dan kemuliaan. Karena semua itu merupakan sarana penunjang pemerintahan di dunia.

V Pupuh Pangkur

Diceritakan tentang kemampuan uang dalam memudahkan semua pekerjaan dan membantu orang untuk mencapai keinginannya. Bahkan uang dapat membuat orang menjadi berarti.

VI Pupuh Dhandhanggula

Dalam pupuh ini diceritakan tentang perbedaan antara orang-orang jaman dahulu dengan orang jaman sekarang. Orang jaman dulu lebih berbakti, pandai dan berguna, sebab melakukan "tapa"/semedi puasa, mencegah hawa nafsu dan meninggalkan segala keburukan hati. Sedangkan orang jaman sekarang lebih mementingkan pemuasan diri, sehingga umumnya suka berdusta, melanggar aturan. tidak menghargai orang lain dan sombong.

VII Pupuh Sinom

Pupuh ini menjelaskan tentang hal yang perlu dilakukan oleh orang muda seperti : menjaga kabaikan, cakap, pandai, suka belajar dan menjauhi sifat hina dan tercela. Lebih jauh lagi raja Ramawijaya mengajarkan bahwa hidup di dunia harus senantiasa ingat untuk mencari keselamatan, untuk kehidupan selanjutnya yaitu dengan meluhurkan semua sifat dan perbuatannya.

VIII Pupuh Asmarandhana

Pada pupuh ini Ramawijaya menuangkan ajarannya tentang sifat-sifat para dewa yang patut dimiliki oleh seorang raja/pemimpin. Karena sifat-sifat para dewa tersebut merupakan teladan dan penjaga kesejahteraan pemerintahan di dunia.

Adapun sifat pertama adalah:

1). Sifat Dewa Indra, yang senantiasa memberikan pengajaran atau menerangkan kepada semua pegawai dan rakyat. Hakekat pengajaran ini adalah menghilangkan kebodohan dan kejahatan manusia.

2). Sifat Dewa Yama, yaitu sifat bertindak tegas dalam melaksanakan keadilan yaitu tidak segan menghukum orang yang salah tanpa pandang bulu.

IX Pupuh Sinom

3). Sifat Dewa Surya, yaitu sifat luhur dan teguh dalam bercita-cita dan memiliki harta benda untuk keluhuran, kemurahan dan kemuliaan.

X Pupuh Mijil

4). Sifat Dewa Candra, selalu mengutamakan rasa cinta kasih penuh perhatian dan memberikan keindahan, sehingga senantiasa dipuja dan disanjung oleh rakyat.

XI Pupuh Dhandhanggula

5). Sifat Dewa, Bayu, selalu giat, cekatan, dan tidak malas, kekuatannya sangat besar memenuhi seluruh jagadraya.

6). Sifat Dewa Wisnu. mengutamakan keselamatan jiwa dengan melakukan tindakan berdasar budi dan perintah hati nurani untuk menguasai kehidupan dengan mematikan pancaindra.

XII Pupuh Durma

7). Sifat Dewa Brama, mempunyai watak keras untuk mencapai kesentosaan, penuh kewaspadaan dalam bertindak. berani menghadapi bahaya dan menjaga seluruh wilayah kekuasaannya dari ancaman musuh.

XIII Pupuh Pangkur

8) Sifat Dewa Baruna, yaitu penuh kecakapan dan kepandaian dan setia pada kewajiban. Secara umum sifat Dewa Baruna digambarkan sebagai berikut : sakti tanpa berguru, kaya tiada berkekurangan, kuat tidak terbatas, tampan tetapi tidak mudah tergoda wanita, luhur budinya tidak sombong.

5.1.3 Ajaran Prabu Ramawijaya kepada Wibisana : Dalam Teks Serat Astha Brangta

Pupuh Asmarandhana

@ Manekung asmara kadi.- Sira sang Prabu Gunawan.- Sak konduré Sang Kinaot.- Sinten ingkang wicaksana.- Prabu Ramawijaya,- Wigyantabaud linuhur,- Mangkin ratuning Ngalengka.

@ Antya dera apepuji,- Wau dhumateng Kang Raka,- Wibisana amintasé.- Ndherèkken Prabu Wisésa.- Yektos ngestokken wulang,- Lajeng karya undhang wuruk.- Anjrah sumebaring printah.

@ Mekaten ungeling nenggih,- Hé héh sagung kwulaning-wang,Ngalengkadiraja mangko.- Estokna préntah manira.- Ya kabeh pekenira.- Padha mangertèkna wuruk.- Sun lumrahken lawan undhang.

@ Dihin takona sami.- Maring ingkang guna bisa.- Mungguh bab trap pratikelé,- Ing puja terkening Déwa.- Myang laku kabecikan.- Priyé prihening kang asru.- Jana nglabeti kang ala.

@ Kapindhoné buta tani.- Gedèkna pangolahira.- Palemahané dèsané, Wus déné sakabèhira, Tan ngarani manira. Wohing sapenggawemu.- Tulusna ing panggaota.

@ Lawan iki anamaning anggit,- Srat anggité kangmas Rama.Wijaya Prabu kinaot.- Ngrengga wateké pra Déwa.- Yogya dèn wewuriya.- Bocah mantri niyakeng sun.- Becik sok padha macaa.

@ Prayoga temen kang uni.- Mangka lupyané watekan,- Kinarya njageng pakéwoh,- Pangreksaning praja wigya,- Srat pinaringan nama,- Pra wara *Asthabrangta gung*,- Kepala mustikaningrat.

@ Asmarabrangtaning galih.- *Wateké Bethara Endra*,- Memulang pekaremané.- Ning Wadya upayanira.- Pinrih sampun sumelang,- Artìya traping pamuruk.- Ing réh dumadiya tetéla.

@ Ingkang bodhol Ian kang ngerti.- Wus pestbi pepancenira.Saking Ywang Wis"esaning re'h.- Kerana sayogyanira.- Tetep tan kena ora,- Manungswa pada sawe'gung.- Padha kinon sinaua.

@ Saraté wruhna pamerdi,- Ing silatomarjakrama,- Ala becik jalarané.- Punika Bethara Èndra,- Mekaten panyiptanya.Siyang ratri amemuruk.- Amartani punggung mudha.

@ Tegesé kang pilih-pilih,- Punggung tan wegah tan pugal,Muda myang kang taksih laré.- Ingarih-arih tan pegal,Tansah pinitutu ran,- Harjané pengajaripun,- Kang pinrih tresna ambapa.

@ Tekan ing wong desa tani.- Pineranti kertinira.- Lulusing gawe beciké.- Sinambi angupaboga,- Dènnya ngapus upaya. Upayané kena-anut.- Parèntahé gerah mandra.

@ Prèntah grak mandra hartaning,- Gerak yèn nujoni keras.- Èstu tan kena gemluwèh.- Temtu lajeng pileksana.- Sereping perkawisnya,- Grah punika jawinipun,- Kerasé nglarani awak.

@ Leleda. den sembadani,- Nanging yèn wus pangapura.- Terus trang tan-na labeté,- Mandra yèn nuju Ion-lonan.- Mawa perkaranira.- Parisrat mlaku mamaklum.- Genahé gati lan ora.

@ Yèn wus nurut sarta ngerti,- Winalungsung ing busana.- Lan dèn nggar-ènggar manahé,- Myang kang angaésí karya.- Kinondhang kine-kadang,- Ginandhang pangudangipun,Wadyaningsun iki bénjang.

@ Dadi dandanan ngrèwangi - Apa kertining perkara. Ngrampungi pringganing gawé.- Tan wrat wadya balanira,- Ri Sang Bethara Èndra.- Nglakoni tuduhing wuruk,- Lumrah pengertining samya.

@ Pinton pinintonan genti,- Ing patrap pratikelira,- Ning wulang sestra serepé.- Yén déréng na kang trang ngretya.- Nora wedi ing atas,- Maring Ywang Endra ulun,- Ciptane dennya ngawula.

@ Lir nggeguru dhateng Gusti.- Dhuh Gustiku betharéndra. Saking bodhoné abdiné,- Kang punika jarwanana.- Yéka Sang dèwa Endra.- Yèna karsané mengkana.

@ Tandha sekti sihing dhasih,- Setya belaka precaya.- Yèn wong ngawula mengkono.- Milané bethara Endra.- Kang makaten remenya,- Adating wong luwangipun,- Wong iku bares presaja.

@ Nora pegat wateké ya mawicèk suh.- Nglinap suh gelahing bumi.- Bumi. tara mating malu,- Malané kang dèn sengiti,- Wong cilimud bedhog colong.

@ Sapanunggalané wong kaya iku,- Dursila durjana juti,- Nora cara angebulus.- Watiré kang tan prayogi.- Ginurah gurah wong goroh.

@ Wong kang corah dén cor timah cangkemipun,- Wong kang milah dèn sulahi,- *Bethara Yama* wiceksuh,- Saking watekané apik,- Wisèsa siasat mring wong.

@ Nanging maring uwong ingkang awon wau.- Alané kang dèn pisakit,- Dèn siasat bangsatipun,- Gentho likem dèn cekeli.- Genthoné lèlo melolo.

@ Dèn weyuyungi kabèh padha angrengkuk.- Nora pegat siyang latri.- Kretining wisayanipun.- Dèn santosani winantri,Tumrap pabandhaning ongkos.

@ Nora wigih kèlangan prabèyanipun,- Tekatira mrih bersihing,- Wong ala lir ama iku.- Winung sreng Yèn durung panggih.- Kongsi brangta mring wadon.

@ Yèn dèrèng kepanggih pangupadosipun,- Susahe lir lengleng brangti.- Kasengsem mrih dyah ayu.- Nora geguyon sayekti,- Yèn Sanghyang Yama mangkono.

@ Aja mungguh mring culika kumahu.- Tur mung mring wong nistha nisthip Nisthaken trapé kang saru.- Yèn tan memper nalar becik.- Pinleksana kang mengkono.

@ Nanging yèn wus mangsuli patobatipun,- Kang kinten trusing batin.- Ywa kongsi kena asapu.- Dhendhaning Hyang misèsani.- Lajeng dèn apunten wadon.

@ Mila sagung wadya balané sedarum.- Asinau tata titi.Amathuken tindak tanduk.- Tanduk trap wicaraning ling.Kang pinurih ywa tumpang soh.

@ Ywa kongsiya tumpang suh raosing wuwus.- Wuwus mas kebolak balik,- Lir kebalik kalah padu.- Keh wong padu mung kalah ngling,- Saking gagap gugup dhompo.

@ Sruning mrih karta rekti prentahanipun,- Titi adiling prekawis,- Sajanak nguciwan estu.- Cinucat lir wrejit cacing,- Nadyan ndheng andheng cinaplok.

Pupuh Sinom

@ Sinomé *Bethara surya*.- Wewatekira singgih.- Singgih ing kuwasanira,- Remen ngumpulken mas picis.- Apa pangaji-aji,Kang kira keh hargenipun,- Kuwatos ing panyiptan.- Ning Bethara Surya luwih.- Wus dèn telasaken ing pamawratira.

@ Tan lyan ingkang rajabrana.- Kang miwiti kang mekasi.,Kasub kasumbaga srana.- Sarat sruti harta harti.- Harta ingkang wus resik.- Tamtu lebih luwih iku.- Kang mijil sabenernya.- Yèn siraptingambil-dhuwit.- Poma aja arep ingkang durung terang.

@ Dumadya kang harta harja.- Yèn si laré memet resik.- Wong gemi. dadi gegaman.- Saking kuwasani.ng dhuwit.- Wit witaning mingis.- Tumuruning anak putu.- Nanging kèh tan tumeka.- Kanggo dèn pangan pribadi.- Nadyan iku arang ingkang mengkonoa.

@ Ngèl ruwed rubedanira.- Sangking lengkaraning dhuwit,- Raja pèni luwih éndah.- Maksih nora kaya dhuwit.- Apa karya upami.- Ingkang adhi slahing hukum.- Wong guna nora uwang,Sumpek supak ingkang ati,- Ngati-atiya yèn tan bener prakaranya.

@ Apa liré kang prekara,- Dhuwit mono angker werit.- Yèn tan ngerti kang rumeksa,- Yèn mung ginunggunga luwih,- Sabarang kang kumelip,- Kepengin dhuwit sedarum.- Keh wong panas atinya,- Yèn wruh tangga sugih dhuwit,- Yèn luputa nggegawa dadi colongan.

@ Nanging yèn Bethara Surya.- Mapan nus dèn prawedani,- Ing panalikané tansah,- Mring wong kebluk kumet medhit,- Mring wong ngèsi kardi.- Anglangkungi lomanipun,- Mapan sampun winawrat,- Wrating branamrih mulyaji.- Yèn wis mengkono ran brana raja mulya.

@ Sing kéh beyaning bencana,- Ageng kuwasaning dhuwit,- Yèn dhuwit ingkang wus padhang,- Lir martajiwa upami.- Lir aji warna tunggil.- Lir tiwikramaning Wisnu.- Myang lir candhabirawa.- Prabu Mandaraka nenggih.- Wus mengkono karsaning Sang Manohara.

@ Kéh tuladhaning perlambang,- Tan liyan mijil saking dhuwit.- Matèni wong kuwasa.- Andhemenken wong kang sengit.- Lumpuh bisa ngideri.- Wuta tuduh marga agung,Punika penganggitnya,- Hiya Ri Sang Surya ngapti,- Kang pinurih wadya balane sumrepa.

@ Menggah pakertining arta,- Hartati tanapi harti,- Pa kang ndadekken-pikuwat,- Upayané ing wong cilik,- Dènnya mrih kiyet dbuwit,- Apa ing wisayanipun,- Kang asil asal padhang,- Becik dunen bata iki.- Golek dhuwit hiya pawitana arta.

@ Silarik atata karta.- Gladhiya pijerah sami,- Kang mrih bathi ajatuna.- Lan bisa aneksir legi,- Neng kandhutan liyan uning,- Panek sire nora luput,- Lumrah mengkono padha,- Balanira Sang Hyang Rawi,- Lan tan gelem ngatrapken penggawé tuna.

Pupuh Mijil

@ Sekar Mijil *Ywang Candra* kang branti - Maringing lelangon.- Wus dèn ingkang memanis wanginé,- Ngudanaken sandining lelungit,- Lungiting asaresmi.- Resmining pangrungu.

@ Ruming gita ngekani kekawi.- Kaluwihan andon.- Dona na wus watek karemane,- Suwara rum gerdim remih-remih,- Dénnya anyanggani,- Met budi liyanipun.

@ Tan rekasa dumadakan gampil,- Kinaning kehing wong.- Wus wegyané Ywang Candra mengkéné,- Ning paréntahé sinami ugi, Lir asmara resmi.- Lulut lir pinulut.

@ Mulat kawulatsinihan dasih.- Traping sih mengkono,- Malah kang awadyanira kabèh,- Mring Bethara Candra gusti mami.Anggènipun kardi,- Kangen bedhangipun.

@ Ningtrap mung namakken pamarta sih,- Ngenangena onangon, Malah sagung wong wadon jarené,- Cipta rasa lir kasrambah déning,- Urub rasa sari.- Sarining ati wur.

@ Mila kacriyos upami kadi.- Sakéhning wong wadon,- Ning manungsa padha kiyé kabèh,- Barunga binareng andon resmi, Saèstu weradin,- Ing pengraosipun.

@ Malah kongsi kawenaban resmi,- Ciptaning wong wadon, Suprandéné Sang Hyang Candra kiyé, Nora kumyus sarirané iki,- Saèstu ndarbèni.- Asmaragaméku.

@ Layak tan kasumbaga resmi,- Sabab yèn mengkono,- Ning tyas cipta luntur panrimané,- Kadi upama tiyang samangkin.- Waged andumtaning,- Bagéyaning wahyu.

@ Mila wadyané Hyang Candra nenggih,- Méh sedaya mawon,- Sami wayuh begawan semahé.- Sabab adining dèwaning nenggih,- Pangertos leluri,- Kang tinepa tinut.

@ Dénnya ngetrapken kang ening sih,- Ninge asmareng ron,-Nora pisan yén ana rengune,- Suprandé nora angél kang pinrih.- Dénnya mrih met budi.- Paréntahanipun.

@ Tur ta mung sinambi olah mukti,- Nakenakan mawon.- Déné mung lulut karesmen.- Meda medem madu ngajab sari,- Sari retna dadi.- Dadi angudang yun.

@ Ayuné kumayuyun sami,- Sedaya kemawon,- Tekan kang awon tan na selarsé,.- Tandhané tan sela-sela sami,- Samyarduwangati.- Mring Hyang Candra wau,

@ Wau wahananira mewahi,- Ngemohi sekar woh,- Ing sari tunjung pamingisé.- Mengyas madhadhok gambiranya mrih.- Mrik minging kadi lir,- Tyasé wadya sagung.

Pupuh Dhandhanggula

@ Gendhis kentar watekira nenggih,- *Bathara Bayu* saciptanira,- Mung taberi nora leson,- Wangening tyas apuguh,-Barang wignya mung dilakoni,- Upaugeranira,- Nadyan sruwa baud,- Kaleg kawi kuwasisan,- Nora dadi yen tan kanthi lan taberi,- Yén wong kaya ga ora.

@ Yén tan ajeg wekasané dadi.- Dadi kurang netepi kantepan.Satemah ngengecer gawé,- Pegawéyané kang wus,- Nora èman tan nakang dadi.- Wekasané ber lahan,'- Sabab nora tutug,- Wong nora nana tilasnya.- Selak lesu karekaté bayuné enting,- Sangking pengrasanira.

@ Wong angesed kadurusan iki.- Nadyan karekatira dipun erat,Ya Bethara Bayu kiyé,- Ingkang ngerat anjabut,- Leson ngesed kang den sengiti,- Punika pangiketnya,- Sang Bethara Bayu.- Krastala kuwat abetah,- Puguhira suwara bentar mbarungi,- Tan rinon gentar daya.

@ Juga amung ciptané pribadi.- Kang pinusthi kebeka ngrat raya.- Yèn wus metung kencengané,- Sapa bisa anayud.- Kaku kukub Sang Bayu iki,- Lir gunung wesi pama.- Sapa kelar ngusung,- Gedhe dhuwur wrat sinangga.- Mila sagung wadyabalanira sami,- Ngirib-irib tumeka.

@ Marang dewané Sang Bayu iki,- Lumrah padha tabri kebat cukat.- Tanna kang ngesed kaleson.- irih pangrehing pukulun,- Prèntahira gancangé kadi,- Lir korah rèh prakara,- Yèn upaminipun Na wadyané kalemeran.- Nora kenten ingundur kang sarta mawi,- Linulu turu mangan.

@ Yén kinen turu ja tangi-tangi,- Mawi pinancenan pakileman.Kasur bantal gegulingé,- Kobonga gubah luhur,- Campur bawur sawuring sari.- Srining sarta ngadbepan,- Sekul ulamipun,Lawan sapanganira,- Jejodhangan boja yén lekas kon bukti.Pinenging wisan-wisan.

@ Yén ora entèk kéhning boja iki,- Kang jaga njagani kon gegiras,- Mrih giris wedi sru kapok,- Mariya dénnya kebluk,- Kesed kelut kendho ing kardi,- Yén tan mari sukanan,- Pegawéyanipun,- Tinikara menéhiya,- Lamun kapokmu tan geguyon yékti.- Prèntah mesthi ngapura.

@ Teksih sekar Dhandhanggendhis malih,- *Bethara Wisnu* watakanira.- Tan a'rsa ngalembana wong,- Pan jatining amengku,- Kanyatan ing sadurunging,- Dadya jagad pratingkah,- Purnaning pandulu,- Aja kandheg warna rupa,Yekti rusak tingal maring kang kadeling Yekti alem winada.

@ Amung budi wekasaning ati,- Juga mung nyipta tingkah kepatyan,- Besuk dina kilangané,- Kang langgeng lajengipun,- Jaman marcapada puniki. Amung sakedhep netra,- Kang pinulih iku,- Mila trus trang ing panrima.Kang dèn gladhi gumelenga aja kongsi Anggep ywan cemburuan.

@ Ngekehken cipta dukaning galih,- Adating wong kéh pekaremannya,- Asring kacakra bawané, Bawanira ing kayum. Yén karepa akeh dadi.- Dadi kerep katenta,- Eroh batinipun,-

sakèh pengangén-angénnya.- Dadi nora panyipta trang trusing batin.- Mila Sang Wisnu ingkang.

@ Karsané wus tinelasken galih,- Penggalihé mung karem memuja,- Sang Bethara Wisnu kiyé,- Nir tyeng harja swarjanun,- Ilangena osiking batin,- Kang dadi kalekatnya,Biraten kang putus,- Tus titis grana tan ngganda,Rungyanetra mati pamyarsa pandeling,- Mateni panca-driya.

@ Tutug tan nebda datan obah osik,- Pan namung mandeng pucuking grana,- Angrejasa Hyang Wiseseng,- Angreja saha jumbuh,- Yén pisaha dasih Ian gusti,- Nglengut panembahira.- Priyé traping ulun,- duh patik bra buh Sang Maha,- Maha Purba kang murba rasaning dasih,- Ya mung Sang Maha Wisesa.

@ Déning wadyabalanira sami,- Tan wrin tama wus dhateng welaka.- Manet minat manut teteh,- Tetéla ugeran winung,- Nora bakal pancet dipesthi.- Pesthi estu sanyata.-Sonyata ywan suwung,- Nyata yekti ananira,- Perkutut gung kang petis minasak asin.,- Kang ngucap lawan sira.

@ Tepasren kelata mindha warni.- Ulihira emas nyawaning wang,- Naliya duk welakane.- Mring ajal kamulanmu.- Aja kowe mandheg tumolih.- Wis becik enggonira.- Kelanggang ananmu.- Aneng kèné marca pada.- Upamané lir wong sanjan mono mampir,- Yén kapiran banjura.

Pupuh Durma

@ Durmaningkang wateké *Bethara Brama*,- Darbé angkara waris.Hana nging sembada.- Pilih ingkang mangkana,- Sak samaning Bethara di,- Ambeg wisésa,- Panas baranan galih.

@ Apiyangkuh panasbaran ing liyanira,- Yèn tan sumrep kang galih,- Ing sak karsanira,- Saéstu nora lega,- Yèn wurung kabawah déning,- Mring kang sarira,- Rerep ripuning jurit.

@ Prayitnané jaga-jaga ing jajahan,- Kulina akulingling,Ginenah pininta,- Kawratan antero ngrad,- Déning cundhakaning westhi,- Awasa marang,- Parangmuka kang ngawis.

@ Tegese kang ngawis ingkang seja ngarah,- Purwa prapta sangkaning,- Lebet wedalira,- Mengsahé wus kuningan. Wadyabalané pan sami,- Anut déwanya,- Keras-keras kang ati.

@ Gatining kang pengatag ma sigra, - Sigra sigrané sami Sangking gebyag rampak,- Arempeg soma rata,- Rata peksa jawinani,- Wani ning baya,- Baya kang mekewuhi.

@ Tan na èwuh lajeng dhag-edheg kéwala.- Sangking pakering ajrih,- Tan na tumengèng lyan,- Wus ugrahan keringan,- Sing kaiden begja idin,- Wisèsaningrat,- Peksa pusak keng bumi.

Pupuh Pangkur

@ Sekar Pangkur *Hyang Baruna*,- Watekira anggrung Sanggyaning wegig,- Sempat kagem ngastanipun,- Berambah ing kawignyan,Wus kapusti wateking wegig dibya nung,- Pan jinurung sukmantaya,- Doh parek jrih lulut asih.

@ Sih tresna saha setyarja,- Ingkang adoh prapta atur paniwi,- Nirnakken guna lyanipun,- Kapriyé maidoa,- Wus mengkono Hyang Baruna warisipun,- Senadyan kanthiya Dewa,Kadanga Sukina di luwih.

@ Dumakané mangkana,- Mungsuh mengsah dadya mangsuh ngestuti.,- Ywa mring Hyang Baruna iku,- Ajrih kaungkulana,- Tanpa wangen osik ing lyan wus kadulu,- Guna sekti ning nung digbya,- Wus kawengkon ing jro galih.

@ Ana ingkang paribasan,- Mrojol ing krep punjul ngapapak iki,- Asekti datanpa guru,- Wong sugih nora kendhak,- Wong ateguh nora merang bahunipun,- Bagus tan lemeren ing dyah.,- Wong sudibya tan ngumbagi.

@ Ya kang lir Sang Hyang Baruna,- Ingkang sampun netepi lir puniki,- Kadya wayang sumbaripun,- Sumbar tan kibiriya,- Saking sampun milulu geli ing ujud,- Mila wadya balanira,-Mila kathah kang wasis ceraki.

@ Kekintenanira prayoga,- Priyoginé Ian pestra tan nelisir,- Mring yuda nagri krama lus,- Barang kanthi watara,- Kang lumampah

kang wahya kalaning semu.- Ning semu tan matuh matah.- Tan nganggo semu sawiji.

@ Wiji-wijine kang sabab,- Lumrah sami punika kang ginladhi,- Mamrih puspa gatinipun,- Ywa kongsi tuna dungkap,- Mung sreng dénnya. mrih sruwa saged sedarum,- Mila bangkitbangkit samya,- Hyang Baruna ingkang ngabdi.

@ Lumrah tan wedi kelangan.- Dénnya mamrih yén na wong tyas undhagi,- Sarat sranané tinutug,- Tan mari-mari apan,Lamun durung kena ing kabisanipun,- Limrah mekaten sedaya.Wadya balanira nenggih.

@ Dénnya met yun kewagedan,- Yén ana wong ingkang tan wéh upami,- Pinet ngambil kawruhipun,- Sakelangkung alembat.Tan sanjani-baé katelad katiru,- Kana kabudayanira,- Tan pinrih wau tan uning.

5.2 Serat Adidarma Sastra

5.2.1 Pengantar Serat Adidarma Sastra

Serat Adidarma Sastra digubah oleh Panji Jayeng Miarsa pada masa pemerintahan Pakualam ke-2. Buku ini dapat dikatakan sebagai buku tuntunan karena isinya tentang tuntunan berperilaku dan berpikir baik serta luhur. Serat Adidarma Sastra, yang dipakai sebagai acuan dalam penelitian ajaran astabrata ini adalah merupakan koleksi Perpustakaan Kraton Yogyakarta yang terdaftar dalam katalog nomor C 57 W 295.

Selain dalam Serat Adidarma Sastra ajaran tentang kehidupan juga banyak dijumpai dalam naskah-naskah Jawa yang lain seperti, Serat Piwulang, Serat Nitisruti, Serat Nitisastra, Serat Nitipraja, Serat Sewaka, Serat Raja kapakapa, Serat Wulangreh dan lain sebagainya. Secara umum ajaran-ajaran dalam naskah tersebut merupakan pembinaan mental untuk menciptakan kehidupan yang baik, bagus dan harmonis. Karena nilai moral akan dapat dipakai sebagai cermin. petunjuk, nasehat dalam pengendalian diri seseorang. Bila seorang pemimpin mampu melakukan hal itu tentu pemimpin tersebut akan dijadikan teladan, baik ucapannya, perilaku dan tindakannya.

Jadi secara umum, Serat Adidarma Sastra memuat tentang pedoman hidup yang baik, khususnya bagi orang Jawa dan bangsa Indonesia pada umumnya, sebab petunjuk hidup itu tentu dipakai semua orang.

5.2.2 Ringkasan Isi Serat Adidarma Sastra

I Pupuh Asmarandhana

Serat Adidarma Sastra ditulis oleh Panji Jayeng Miarsa pada masa pemerintahan Pakualam ke-2. Sedangkan abdi yang bertugas menembangkan saat itu adalah Panji Lutman. Pada pupuh ini diceritakan ki Sastra bertukar pikiran dengan ki Adidarma tentang baik dan buruk sekitar kehidupan manusia. Sebagaimana tertulis dalam karya-karya sastra. Di sini juga dijelaskan perlunya seseorang untuk selalu menjaga sikap agar tidak melakukan perbuatan tercela seperti membicarakan kejelekan orang lain, suka mencela dan bertindak sembarangan.

II Pupuh Sinom

Di sini dijelaskan tentang mentalitas orang muda yang umumnya suka membanggakan diri, manja, tak berpikiran panjang dalam bertutur kata dan bertindak suka mengabaikan nasihat baik, yang pada gilirannya hanya membuat kesengsaraan.

Juga diceritakan bahwa banyak karya sastra yang berisi ajaran yang baik untuk diyakini sebagai tuntunan, karena memuat contoh-contoh tindakan serta akibatnya. Ditulis dengan bahasa yang indah, contoh ini meliputi perbuatan orang baik dan jahat serta permasalahan-permasalahan kehidupan.

III Pupuh Dhandhanggula

Pupuh ini menceritakan tentang perlunya belajar dan mencari pengetahuan meskipun diperlukan ketekunan dan kesungguhan karena akan memberi hasil yang berguna. Sebagaimana seseorang yang menjalankan yoga untuk mendapatkan penyerahan diri. Di samping itu banyak tauladan yang memberi pengetahuan kepada pembacanya. Dijelaskan pula bahwa orang muda sudah selayaknya belajar buku-

buku sastra agar memiliki pengetahuan, berbudi luhur dan dapat menjadi teladan. Orang muda barus menyadari tantangan bidup agar tidak mudah terlena dengan godaan bidup sehingga hidupnya akan memperoleh keselamatan.

IV Pupuh Sinom

Diceritakan bahwa selayaknya orang harus menghindari pertengkaran yaitu dengan menentramkan hati dan ingat akan kebaikan, karena keselamatan adalah hal yang sangat berharga.

Juga dijelaskan mengenai pentingnya belajar dari akibat-akibat kebodohan. Kegagalan adalah hal yang lumrah sehingga tidak perlu bosan berusaha dan apabila mencapai keberhasilan jangan sombong. Segala sesuatu/peristiwa adalah contoh yang paling baik dalam menjalani kehidupan. Ditambahkan pula bahwa orang yang belajar dengan sungguh-sungguh memang sering mendapat tantangan berat karena tidak mudah mencapai keluhuran hidup.

V Pupuh Asmarandhana

Pupuh ini menjelaskan tentang sulitnya mendapat pengetahuan yaitu bahwa orang harus bersungguh-sungguh bahkan berdebat tentang suatu gagasan. Oleh sebab itu perlu dimengerti ukuran-ukuran yang dapat dijadikan pegangan dalam mencapai pengetahuan. Alam semesta merupakan wahana belajar sehingga perlu meyakini sifat-sifat dari benda di alam ini baik yang menyenangkan maupun tidak. sebab semuanya adalah ciptaan Tuhan.

Juga dijelaskan bahwa tidak semua usaha membawa hasil yang diinginkan. Namun demikian tidak boleh berputus asa dan menyesali diri atau marah.

VI Pupuh Sinom

Berisi tentang penegasan dari isi serat Adidarma sebagai buku tuntunan berperilaku dan berpikir baik dan luhur, melalui bahasa sastra yang indah.

Dengan memahami serat Adidarma melalui contoh peristiwa kehidupan yang beraneka ragam, diharapkan mampu memberika keuntungan bagi sesama, yaitu memberi pengetahuan kepada yang

belum mengerti atau mengingatkan kembali kepada sesama yang tidak "eling" untuk senantiasa berbuat baik.

5.2.3 Ajaran dalam Serat Adidarma Sastra : Teks

Pupuh Asmarandhana

Kasmaran duk nedhak sungging,-
Nama Srat Adidarmasastra,-
Enjing rianggara Kasihe,-
Tanggal ping nemlikur wulan,-
Sawal ing mangsa Kasa,-
Wuku Kurantil pan nuju,-
Taun Jimakir lumakya,-

Sengkalan winarni,-
Ngèsthi dasa Slira Tunggal,-
Alip Kulawu lambange,-
Mila mangke kaleksanan.-
Sangking sengseming driya,-
Mring Srat Didarma manurun.-
Sadaya datan miruga.

@ Sengseming tyas den wiwiti,- Jam katri siyang Anggara.- Nuju Pon Waringagunge,- Sapar tanggal dasa panca,- Windu pranila mangsa,- Kanawa ing taun Wawu,- Trus OsikingPandhiteng Ngrat.

@ Namané serat punika,- Sastra Hageng Hadidarma.- Pakualaman Kapindho,- Rèng-rèngira kasiraran,- Habdiné ingkang nggarap,- Tusing karti yasa tuhu,- Dèn Panji Jayengminarsa.

@ Tan ginggang dénnya ngladosi,- Pethel tumemening karya,- Déné habdiné kang maos,- Sapa sinten namanira,- Rahaden Panji Lutnan,- Harjawinata puniku,- Tusing kula winisuda.

@ Pinarikrameng ing Gusti,- Sumengka tan kirang-kirang,- Ginelung gelengira,- Priyogi pamaosipun,- Uninga tedah pinangka.

@ Ngantos wigugen ing pikir,- Ki Sestra geng rerembangan,- Ki ngadidarma tinaros,- Ewed yèn asringa duka,- Kadya nganti jalaran,- Kepatuh nutuh ketutuh,- Mila wonten srat punika.

@ Anggelarken lir punika,- Tedahé sampun kainan,- Samisamiya kemawon,- Manggih dadosa kelawan,- Awon saé mila hiya,- Yèn sembadaa kang luhung,- Mekaten remenan kita,

@ Sangking brangtanireng tulis,- Nenggih kang ndarbèni serat,- Ing selagi nalikané,- Yèn saweg kala mangsanya,Sela perlu ginarap,- Lelangsene gunem wuwus,- Satelasé mong-omongan.

@ Awon nganggure priyogi,- Gegujengan lelawaran,- Sae' luhung kinèn maos,- Wonten kang dèn mirengna,- Dangu-dangu amindhak.- Ora omongé tan dunung,- Terkadhang ngraosi tiyang,-

@ Ananging tiyang ngraosi,- Kalih werdining raosan,Angraosi awon saé,- Telanjukan tuna dungkep,- Cengilan kasliringan.- Aluwung kandha jelantur,- Ginendhing srat tinembangna.

@ Kadita kang kadi dening,- Malih kang tumrep piwulang,- Nistha madya ataminé,- Kang mekaten lenggahira.- Awon saé kelawan.- Utami tamat mraharju,- Pramila kados ta ingkang.

@ Bebasan rinenggèng kawi,- Kawi. kawitaning wignya,- Myang kadya srat lukitané. Kang lukit luki tinata, Len kang basa rerenggan,- Rerenggan regining gunggung,- Mung marih dipun alema.

@ Supadosa kang punika,- Ring pamrih wangsal-wangsulnya,- Mamrih saé dados awon,- Mrih awon malih inggiha,- Sayekti nora resa.- Kang mirengken boten ayun,- Tan wun waon- winaonan.

@ Senadyan ta den waon,- Pan wus sinengajeng manah,- Kyahi Carik panerate,- Leheng pundi serat kang tanpa,Prayoganing

bebasan.- Nglengkareng pekswareng arum,- Yogi ngempelken kang yoga.

@ Yogyantaranè mersudi,- Kyati pangudining cipta,- Luhung pundi agroh-agroh,- Tanpa nges wiranggweng sestra,- Mung prananing pernèsan.- Aminta. matuh ketutuh.- Tan ngaèsing ing paèsan.

Pupuh Sinom

@ Gumadanganè wong mudha,- Kogung kumlungkung kumaki,- Kaya Ki ugung ugungan,- Dalananè tan ngopesi,- Ing pamireng pangèksi Tumambuhè nora guna,- Mring lupiyan tuladan,- Ing carita nguni-uni,- Mbonggakakè memaoni nora gita.

@ Gita gatining dupara,- Langka-langka dèn langkahi,Mintamurti lungiding ngrat,- Kang sayekti den kalisi.Awikiwad-wadi surti,- Kawedakeng masang siku,- Yén kecorok apanya,- Satemahan ing ndon dadi,- Tur puwara rusak kelangan kalongan.

@ Werganing sestra dikara.- Tan kena maido yekti.- Aja mungguh mengkonoa,- Mung ngenthengken nora keni Kenikeni tan keni,- kena wewalaraing ngelmu.- Yen ta nora tetela nggone ngrasakna.

@ Arabè kurup maknanya,- Sestra Jawa den jarwani,- Kelitune salah tampa,- Sisip paraning ngapamrih,- Iku angèlè yekti,- Mungguh pratistaning semu,- Semu endah rinengga,- Adi aeng mangka pami,- Kang punika supayanè yén iyoa, -

@ Gawéya tepa tuladha,- Ing kang alan alan maning,- Ki adi aeng rinengga,- Suprandènè arang milih,- Beneh lawan wong wus luwih.- Kang wus limpat sonya westu,- Inganggep atas padha,- Amung darma anglakoni,- Kabèh iku lawan idining Hyang Sukma.

@ Yèn wong sappuniki boya,- Werub tuladan kang becik,Gawok-gawok semu èwa,- Prasendhè nora dumugi,- Yèn ndeleng kang tan yukti.- Maoni kekel gumuyu.- Tan bisa samudana,Edeta uwong saiki,- Yen wong kuna kang kadeleng kang kepyarsa.

@ Dèn mirengaken kéwala.- Tumonton sarat ngenaki,- Segahsegahè mriyoga,- Manising gula sathlèmik,- Gurih kambil sacukil.- Tur

matut marani semu, Semuwaning ngakathah,- Ja nganggo semu sawiji,- Ji wijine mawa mawi wahya mangsa.

@ Kados rempiding piwulang,- Wulang kathah temen anglangkungi,- Kodheng boten mudheng pisan.- Dening nganggo kados pundi,- Bingung pinten perkawis,- Pundi babe nggené mugut,- Mila de den udiya,- Ki yase liring apa,rih,- Mergenipun yèn bosena maos wulang.

@ Ingkang paedahé kathah,- Raosing kang mupangati,- Rinten dalu galenggengan,- Winaos dèn wolak-walik.- Tur tas macaa lali,- Kongsi bosan kang angrusu,- Sanés ingkang èngetan,Saged criyos tur nglampahi,- Emper-emper adat lampah guwang kina.

Pupuh Dhandhanggula

@ Purwèng saharsaning manis,- Pinten babé trap pratikelira,- Sayogyana pinede,- Wong mamrih yuning tuwuh,- Sampeyasa jroning kepatin,- Angani ènakena,- Ingkang luhung-luhung,- Tan liyan mesthi pamrihnya,- Prayojananing singgih kanthaning ulih,- Yogi raketing setya.

@ Setyarkara praptalining esih,- Sampyana basaning ngatapa,Nata tan apa-apané,- Pané mung upanipun,- Yèn saengga tana punika,- Lir punapa antranya,- Ningna sangkanipun,- Nadyan tingkah suma myang,- Traping wulan yèn tan wruh ing becik.- Ala alaning jalma.

@ Karannya kendelnya boten kénging,- Ki Sastralukita nggennya nyeret,- Punika wau mawiné, Dénnya setareng semu,- Tangéh temen pan asring asring,- Duna dungkap kewala,- Sing juguling utun,- Ngumpulken werganing sestra,- Tan nglabeti wekasan dèréng pinanggih,- Lawan leganing manah.

@ Pirang-pirang lupiyaning tulis,- Supradandéné arang kang kelakyan,- Sestra lukita wulangé,- Kala nalikanipun, Dénnya merdi ngudi mersudi,- Dhateng tiyang tetiga,- Jugul mudhanipun,- Begja kelawan dahulat.- Dénnya ameguru anggepé punika,- Mekaten kang piwulang.

@ Kaki sira padha sun tuturi,- Déné sira meguru maring wang,- Ya Ki Jugulmudha kowé- Aboté wong meguru,- Kudu dipun gugu sayekti,- Paran rèhing pamedyan,- Becik ingkang nurut.- Ku tandha jalaraning Sang,- Dipun atuti anganggep kadang sayekti,- Dening tunggal pangwikan.

@ Lir wuruké sestra bajra kaki, maring sira jebeng Jugulmudha. ewuh ing rasa alibé, yén tan tepung pemangguh, osiking tvas nggene ngwruhi. mangkéné uninira, uningakna wus wruh, yén wus cendhak kethokana, yèn wus dawa sambungna ing pangreti, lamun tuna den lana.

@ Lamun bathi bungahé dèn èling, tegesé kang kéh kira-kiranya, saking ati ger-ugeré. ing sestra di linuhung, akèh temen tetuladhaning, munggéng basa prelaming bebasanipun. isining rat niskaranya, kang ngebaki tan lyan mung kalih pra ingkang tumrap bebasan.

@ Tetimbangan ala lawan becik, gedhe cilik luput bener ika, purwa kanthiné kinanthet, suka Ian dhukanipun. untung lawan cilaka iki. gegantén wewalesan. kinethok sinambung, andandani lawan mbubrah, mulanéya ja kebongkot kepucuking, pajal ulihan marang.

@ Kang lembut silatjananing pamrih, aja pegat pamesuning minta., ya mring kang kayeng tumuwoh, mangko sesilihipun, kang ngawruhi satmatalair, nadyan samaning titah, jeriku dunungipun, wakilé kang amisesa, yekti panglindhunganing kawula gusti, poma-poma denira.

@ Kang liningan samya awotsari,- Kang sestra geng malih angandika,- Tuturingsun pan mengkéné,- Dén apatut sadulur.Dipun emut kalih prakawis,- Ja pegat mrih atinya,- Eling temahipun,- Marang kang karya ing sira,- Cobanipun wong urip kalih prakawis, Lali kelawan énak.

@ Lamun énak wekasané lali,- Yèn wong lali kebanjuré tiwas,Wong tiwas rusak tingalé,- Yèn èling dadi ayu,- Sekaliré padhaning urip,- Yèn agung alaliya,- Lir wong sugih iku Lali sanak pawongan sanak,- Peshti rusak yèn 'eling mring kadang bathin.- Slamet ing kéne' kana.

@ Sun genahné pakolèhing pamrih.- Yèn wong prihatin titi atata,- Tita wedi mri.ng kang murwèng,- Tita tataning laku.- Pengadilanira kang kardi.-.Titi tan kaliwatan,- Ing sestra tinutur.- Mulane sun kon patuta,- Pawong sanak kang tan patut ja kelair,- Temah serik atinya.

@ Lamun serik nora atut dadi,- Dadining lali kerasa enak,- Mulané nak-anak baé,- Tan wruh sanak sadulur.- Dadi nora tepa-tepa ing,- Ing dhèwékné upama,- King saéngganipun, Lagi ana kang dhinemenan.- Rinegonan dén jawaba dinipun silih.- Mesthi mangsa awéha,

@ Lamun ana wong mengkono kaki.- Panemuku hiya wènéhena,- Nanging ja tepungan kowé,- Lawan wong iku mau,- Wruhani ra wong iku jro batin,- Kolu kasusahanta.- Wong tanwruh ingukur,- Wong karya klambi umpama,- Umpamane ukur,- wong liyan mesthi.- Ageseh bedhahannya,-

@ Lamun kacilikken sesak dadi.,- Sabab cupet geguntinganira, Mlenthet lir kathok tinalen.- Yèn kegedhen ukur, Angelomproh akoproh dadi,- Lah apa becikira,- Crobo tanpa ukur,- Dadi angawak kéwala,- Nora bobot sasedhengé adu manis,- Nora prak ati pisan.

Pupuh Sinom

@ Mila sèdhengé dondoman.- Ingkang wus sinau sami.- Punapa kang dèn gulanga,- Entyariané ing ngantawis,- Nunten angsahna sami,- Sarta pareng lawan anduk,- Pan ing ngrika pra samya,- Dadya suwalan pemanggih,- Grejegan nuju- na kang karya lepasan.

@ Pamérsuding tyas ingkang,- Winudhar damaning ati,- Ati kita durung gagat,- Silarjananing sestra di,- Adini budi kang di,- Endi pambukaning kalbu,- Malar dadi jalaran, Balilu amblaèni,- Keleruné kasengkata kelamunan.

@ Ati tinata tan tata,- Tanggapé tumampik apik,- Dadi tan na dén pik-pika,- Papak baé tan munjuli,- Nadyan ta waliwali.- Nipisa marganing ayu,- Ayuné ring pudrastra,- Luwih palandhapé iki,- Saking nama anung swara pamingisnya.

@ Mila panyupaning basa,- keratané kang den ati.- nadyan perlambang saloka,- Tama temuné kang den prih, Mriya sidaning dadi,- Dadiya guthiting gunggung,- Pengaleming sujana,,- Sageda mèhéng saliring,- Nggeh punika wau ingkang kinewahyan.

@ Kawahyanana weruha,- Reracikaning piranti.- Angél kéh tur kang nukarta,- Krerantena nota kang nggih, Nggih lenggah singgih sugih,- Sinuguh sengguhé mungguh,- Menggah yèn ta tumrapa,- Solah kecap myang kang warni,- Pasang cipta laraping liring mrih harja

@ Harjaning netya upama,- Mekaré sekar pepingit,- Yèn binuka marbuk ngambar,- Lir mayang mekar sumyar ing,- Upa semuning dhiri,- Kang kinawruhan jalma nung,- Nung dibya wun kasrira.- Rumasuk ing jiwa dhiri,- Sakamoté momotané ananging ya.

@ Sedyarsa amrayujana.- Sangking mratingkah mring yai,kapreyayén ywa kewahan,- Ning semuwan kang arebi, Bidhungané dèn kesthi.- Awasa ya kang- dudu.- Duduha ya kang nyata.- Nyatanen semuning lungit.- Wadinira saawadawade mada.

@ Mada lungit kelandhepan,- Landhepe dèn amatitis.- Patitise aja tatas,- Tatasna dèn mrayitnani,- Saking kupèni-pèni. Kenané tambuh ing semu,- Semuné dèn kapinta.- Wantarane ngantarani,- Gati-gita ywa ngeget-egeti tata.

@ Tata tita takenira.- Teratehané ginladhi,- Geladhéné kang tatag,- Tog-togané kadumugin,- Dugi-dugining tan ting,- Penanting timbanging kayun,- Kayun kajengé piyambak. Piyambegé tepa palupi,- Lupiyané tepa tepaning salira.

@ Sangsaraa sasarira,- Srunira kang siningkir,- Kirané parigelira,- Ukel-ukeling pangerti,- Puspa katiya kati,Angapti pangepiyé laku,- Kukuh-dakoh apanggah,- Panggah pilungguh tan pinggih,- Panggel pugel yèn pingginga gagal pugal,

@ Gagalé ja gal-ugalan,- Gal-ugalan yèn nginggil,- Inggila ywa nggil-inggilan,- Gilané nora nggilani, Nggilani na ilaning,- Prak ati ya kang sumurup,- Suruping rupanira,- ulaté celak Ian ati,- Ati terus- belakané apesaja.

@ Pesajané aja-aja,- Ija-ijènen ing janji,- Janjiné tela telakna.- Paraning ala Ian becik,- Becik-ala kang dadi,Bener ndadak dadi luput,- Kang becik dadi ala.- Suka-suka di kang mawi,- wong sesuka- teka duka poma wignya.

@ Mawi-mawi mawa-mawa,- Kaya wedi dadi wadi.- Yèn- pinenging lir den konna,- Yèn dèn konna kadi pinéngging,- Iku pasangkananing,- Uwas-uwas nora muwus Pemawasé tan awas,Yektiné ingkang sayèkti,- Titun ana taté antinen tuladan.

@ Tetuladhaning tuladha,- Dhadhakane sangking kedhik, Milané para maharsa,- Pujangga wus dening carik,- Wali-waliya nulis.- Prihe basa nom mring lulus,- Dèn nya ngraka rakitnya,- Rakete kang purwa kanthi,- Kandha kanthi kanthetaning pamicara.

@ Cara carita kang mangka,- Lelabetaning wong urip,- Uripé wiwitanira,- Wewekasané ing pati,- Pati patitis déning,Tekeng ping satus yen urus,- Urus rarasing rasa,- Rasa rerasan ngresepi.- Pepindhané pindha pindha pindha-pindha.

@ Pindhahé dèn genah-genah,- Pindhahé roro Ian siji,- Kita iki lir pujangga,- Kadi wruha kang sejati,- Pisah wore Ian nunggil,- Ing sapanunggalaningpun,- Mrih wekasaning pungkasan,- Yekti tan bisa mekasi.- Wimbuh kadi kaduké pemanggahira.

@ Ameng tan lyan kang supaya, upayanen dipun kongsi entèkna karasing sestra,- mangsa wisa nora mari.- bilih dèréng mariki - kèngingé malah sawujud, wujudé kang kawuryan, jatiné kang dén karepi,- kudu kedhep karepe ingkang manungsa.

@ Wong kudu kedhep luwih brat, yèn boten sumekta sami. mene kelunta ketatal, yèn katalika ketail, mulané ta punika, medhar bebasan ginelung, sineratan pan mangka. pecah pencar nggraitani, tyas wonten sadherek sami, kedah nedha wulang nggih tuntun-tuntunan.

@ Déné yèn pami wontena, emper iribé punika, ing papa seratan kula, sampun ginalih nyemoni, pyayi kanca kang sami, lenggahan myarsa sedarum, kathah damel sanèpa, titah samining dumadi. amung kula karya mrangi tyas piyambak.

@ Mayar penyamuring manah, manah kang sring nyulayani, saking adat kalimrahan, kalimrahan kang prayogi, yogi wus denten malih, luwang palupyaning tutur, tutur kang wus kawentar, tatarané wanti-wanti. ingkang dadosaken mulya lan cilaka.

@ Kang myarsa semu mar-maran, dupi ndelingaken ingkang punika, pengatjik-athik gathuk, bebasan kang mangkana, purwakanthi kekanthetane wus urut, pengatapé atap tata, muring ngringkes sarmurinding.

@ Dhasar wus tumraping patra, kertas putih aksarané angrawit, tur arempek rampak atup, barisaning jidharan, mangsi cemeng dumeling gilap tumurut, titi ing ukaranira. bebasané sedhep apik.

@ Dumadya ndadak srengira, yèn katuta remen kacelu isin, yèn nganggita lir puniku, angèl sayektosira, apan dadya amaoni nggih puniku. gampang maoni kéwala, mbebagusi anyawati.

@ Hem hem é é Allah Allah, ngalem erem- erem tan trusing batin. nggunggung gawok-gawok sengguh, rewa-rewane sajak, angadhekes apradikes mingkas-mingkus. angkas-angkas mangsa-mangsa, apiteken sebda gati.

@ Gati gereteh anggita, get-egeti bocah cilik bebayi, bayaningrat sanggup weruh, yektiné weruhira, kang dén olah angsal hasil karya usul, nora na wewatonira, tinggal sestra lan agami.

@ Milané lamun micara,- Corekané tinggal dhapuring uwit,Kewalan gul-agulipun,- Kekerasan tugelan,- Kang dèn rigen amiru kaganggu-ganggu,- Sengarang kadina sebab.- Kang kinarya memedèni.

@ Dakik-dakik ing sajak,- Barang-barang winor anukma wadi.Lir ginawé perkareng gung,- Memamrih ginugua,- Awingwringa kang goa garaping tutur,- Tutur panungganging jaran.- Keliru nunggang wong èstri.

@ Rikat anututi basa.- Perkarané ingkang ringongtunggangi,- Winor sinemu yèn wuwus,- Micara nganggo bantal, Bebantaling perkara wekasanipun,- Wong moné sakesdunira,Yèn pikiré kenceng dadi.

@ Kowé kupeksoa mersudiya,- Tembang Sinom mekasih wimudha yekti,- Kang kaya ku tembang Pangkur,- Wus tak ukur tak cithak,- Pethek ané meksih kéh kalingnamu,- Nyamudana pasemuan,- Yektine tan trus ing batin.

Pupuh Asmarandana

@ Lir kongsi kingkin kang sami,- Kang samyarsakken ring kang,- Kudon-kudoning pangawroh,- Dénnya selaya paswalan.Rebutan kuwagedan,- Murtining tyas kang saèstu,- Alon dénnya amecana.

@ Aris patitis tur manis,- Ki sanak sami kendela,- Mangké kula leresane,- Wau mila wis anduga,- Duk kala pekenira Awit reraosanipun,- Angigelaken panguningan.

@ Kang sayektos wéca yekti,- Manira ing pekenira,- Dhateng ing sakalih-kalihé,- Inggih sami leresira.- Menggah aos-aosan,- Tan ngantos kaot setangsul,- Pemanggihé pyambak pyambak.

@ Tan kenging lintu sakedhik,- Wus déné dhateng bendara, Wus kapratandhan sayektos.- Kabawah kasiti toya,- Kajiyat kaparèntah.- Kajiyat obahing wujud,- Pan saking karsaning Tuwan.

@ Kabawah andhap lan nginggil,- Krantèné nginggil punika,- Amanaké bawahé,- Kasiti bumi nggenira,- Punapa pamedalnya,- Pepancéné tedhanipun,- Kang dèn ombètoyanira.

@ Raup myang adusing dhiri,- Bumi wonten pasemonnya,- Kang kalebu ing buminé,- Dèn mi-mi berkat mupakat,- Siti panyopanira,- Isiné wong mati iku,- Lemah sikeleminamah.

@ Nadyan mis baciné bumi,- Tajem indraning nagara.- Tekeng cibuk cangkirané.- Punika wewengkonira,- Kang ginanjar nugraha.- Yén teksih dedunung ngriku,- Sarta teksih ingingonan.

@ Amis bacin uyuh tahi.- Nadyan jumatleng pinutura.- Tan liyan sinebut ing réh.- Yèn meksih tingkah pan wulan,Kuwasaning nugraha.- Bisa wéh lejar bisa wéh limut.- Bisa. wéh susah wéh suka.

@ Tan liyan mung paraning Gusti.- Kang bagus tanpa busana.Tanpa gula memanisé,- Tan gegujengan punika.- Yèn wong antuk sih kadya,- Ènggaring tyas marum-arum,- Mangka andhening upama.

@ Nggih-inggih upami kadi,- Manggih manik juwaning swarga,Upamindra kemawon,- Èndraloka janaloka.- Muwahing bramaloka.- Wuryaningsih Sang Pukulum,- Kula winisudyeng kara.

@ Kejawiné wus tinekdir,- Winuruka padhanira.- Kukuh pesthine Hyang Manon.- Malah-malah yèn tan sarta.- Yèn wong kakehan arah.- Lir bayi kakeban suwuk.- Merusulé andadra.

@ Iku kang padudon ing ngling,- Dheleg amiteg pan sarywa Matawalangen dadya,- Nyekel rumpakané ngathung,- Gegetun geduwungira.

@ Kadi déné malih nenggih, luwih wong among asmara,- dèn ngantya adoh seneté , dennya lawet memet lembat, trap lukitaning sestrahu, tan seyos ing pangembat,- tan lyan mamrih pikantuknya.

@ Antuk-antuké ngoléhi,- nadyan ngantuk nemu kethèk.- selo-seloté yèn oléh,- saking kedhik wiwitannya,- anggep rasa pengrasa,- yén nuju sakayunipun,- tan na selayèng panrima.

@ Yèn tanggapé seyos tampi,- tan sanés upami kadya, Lartining cangkriman mono.- Basa cangkriman punika,Tegesé pacengkraman,- Langening pamrih pengangkuh,Eweding condhoking manah.

@ Dèn westani angèl gampil,- Anglangkungi ing angèlnya,Ngriki boten ngangsalaké,- Girangé wiragyé kula,- Yèn katujèng tiyangnya,- Pinetheka théyot thèblung, cangkrimanira sumangga.

@ Yèn tiyangé tan nyondhongi,- Sangsaya dawa lir ula,- Kang jamak walesan baé,- Wong sanakan mateng pama,- Yèn pareng padha lega,- Yèn tan sareng tansya sru,- Crah lir satru bebuyutan.

@ Saling lebar wewengkoning,- niskarané lengkaning tyas,- Kasrambah aning pamrihé,- Sapa wongé ta gelema,- Yèn saèngga ketunan,- Punika uning lèng ulun,- Awon omong brol-obrolan.

Pupuh Sinom

@ ingkang para ngadidarma,- Pengrawité tyas upami.- Mindha sino ming kusuma,- Dénya ngrukti angartosi.- Saking wiyosing dadi,- Pamirèng lawan pandulu,- Rasa pengrasaning tyas.- Dadi tumandang Ian kardi,- Ingkang adi luwih sak ningrat lineka.

@ Datan Iiyan kanthining kantha, - Paésan lawan maèsi ,- Paèsan tepa tuladha,- Maèsi dènnya angartosi,- Ngrengga lan mbusanani,- Loyogé ing sarat masrud,- Mangsa silèh ngadega,- Yèn gothang salah sawiji,- Mila asru kang Adidarma bedakna.

@ Beda-bedaning upama,- Pamiyarsa lawan pandeling,- Dalingna kené wesèsan.- Milané ta dén wonteni,- Dénnya angibarati, Sampun ta ugi nyengkuyun,- Dupéh kang néng kewala,- Nadyan tekéng uwik-uwik,- Hiya kudu anon ngrungu sagaduknya.

@ Adidarma sarahing srat.- Mila nunten mirantosi,- Ungeling sestra pamiyarsa,- Tandiyana ngrageni malih,- Tetélané kang panrih,- Maha digbyaning ngajurit,- Saking réhé ugraha palesaraja.

@ Dèn wonteni warni-warni,- Ginambar lampahé sami.- Sareka rembaging manah,- Menganam osiking galih,- Traping basa wijil ngling,- Pinepakan gambaripun.- Pari basa bebasan, Myang basané dongèng inggih,- Sayogyana respatya ja pareng mulya.

@ Punika ciptaning sedya,- Kekajengané pra sami,- Samining titah sedaya,- Donyaning manungsa pa di,- Yèn kasedhahan pami,- Menggah lelampahanipun,- Saugyaning sanekya.Kados-kados yèn kuwawi,- Nanging awis yèn tan tetep ugrahanya.

@ Awrat sumuking ugrahan,- Yèn kekathahen muroni.- Sabab miyosing punapa,- Caket pengayunan ngidin,- Purbaning adi luwih,- Mila Kangjeng Sestra Hagung,- Winedhar genahira,- Supados uning ing tan ling,- Kathah asing supala dora pra samya.

DAFTAR SINGKATAN

GKI : Gedenkschrift Koninklijk Instituut

TBG : Tijdschrift Bataviaasch Genootschap

VKI : Verhandelingen Van Het Koninklijk Instituut

DAFTAR PUSTAKA

Behrend, Timothy
1990 *Katalog Induk naskah-naskah nusantara jilid I,* Museum Sonobudoyo Yogyakarta, Djambatan, Jakarta

Basham, A.L.
1967 *THe Wonder That Was India*, New Delhi.

Boechari
1958 Astabrata di dalam Majalah *Medan Bahasa* VIII No. 5 Jakarta.

Casparis, J.G
1956 *Prasasti Indonesia II*, "Selected Inscriptions from the 7th to the 9th Century, A.D., Bandung

Danielou, Alain
1964 *Hindu Polytheism*, London

Departemen P & K
1993 *Kamus Bahasa Jawa - Indonesia*, Depdikbud, Jakarta.

Gonda, J.
1966 *Ancient Indian King Ship from The Religiuos Point of View*, E.J. Brill, Leideen.

Gosh, Manomohan
1936 *On The Source of The Old - Javanese Rāmāyana Kakawin*, Journal of The Greater India Society,Calcuta

Hooykas, c
1955 *Dalam Artikel Saivasidahanta in Java and Bali.*

I Wayan Warna dkk (ed.)
1987 *Kekawin Ramayana*, Terjemahan Dinas Pendidikan Dasar Propinsi DATI I Bali.

Kane, Padurang Varman
1941 *History of Dharmasastra*, Bhandaarkar Oriental Reserch Institut, Poona, India.

Kern, H.
1900 *Ramayana*, Oudjavaansch Heldendicht, 'S Gravenhage, Martinus Nijhoff

Koleksi Keraton Yogyakarta
---------- *Serat Adidarma Sastra*, Dalam Nomor C 57 = W 295

Koleksi Keraton Yogyakarta

--------- *Serat Astra Brangta Dalam Pakem C.* 62 = M 222 = BH294

Mardiwarsito
1978 Kamus Jawa Kuna - Indonesia, Nusa Indah, Jakarta.

Museum Purna Bhakti Pertiwi, Taman Mini Indonesia Indah *Buku Panduan Astabrata*, TMII, Jakarta

Lindsay, Jennifer
1994 *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jili II Kraton Yogyakarta*, diterjemahkan T.E. Behrand, Yayasan Obor Indonesia, Jakarta.

Pigeaud
1938 *Javaans-Nederlands Handwoordenboek*, Wolters, Gronigen-Batavia

Pigeaud, Th G Th.
1967 *Literature of Java vol I-III*, Martinus Nijhoff.

Poerbatjaraka
1926 *De Dateering Van Het Oud-Javaansche Ramayana*, di dalam GKI : 265--272

1932 *Het Oud Javaansche Ramayana*, TBG 72 : 151 -- 214.

----------, Tardjan Hadidjaja

1952 Kepustakaan Djawa, Djambatan, Jakarta

Purna, I made, dkk

1991 *Ajaran Kepemimpinan Dalam Naskah Serat Partawigeno* Proyek P3KN, Ditjarahnitra, Jakarta.

Sedyawati, Edi (dkk)

1979 *Laporan Penelitian : Keterangan Ikonologis dari Sumber-Sumber Pustaka Jawa Kuna*, Proyek Penelitian FSUI, No. 101/PSSK/DPPM/K-76, Jakarta

Siswaharsojo, Ki

1957 *Makuta Rama*, Pesat, Yogyakarta.

Soewito-Santoso

1980 *Ramayana Kakawin vol 1-3*, Published by Mrs. Sharada Rani, , Handhas Enclaave, New Delhi.

Soerjo hudoyo, Soepomo

1976 *Some Aspects of King ship in Ancient Java*, Paper Presented at the 30th Congras of sciences of Asia and North Afrikca.

Sumarsih

1985 *Tinjauan Serat Bathara Rama (Cirebon)*, Proyek Javanologi, Jakarta

Supardi, Iman

1961 *Hastha Brata*, Surabaya

Suropranoto, ki Sadrah

---------- *Serat Rama*, Disalin oleh Soetomo dkk, Yayasan Studi Bahasa Jawa "Kanthil", Semarang.

Sudharta, Tjok Rai

1993 *Asta Brata Dalam Pembangunan*, Upada Sastra, Denpasar - Bali.

Wales, Quaritch,
1967 *The Indianization of China an of South-Eaśt Āsia.*

Winter, C.F
1928 *Kawi-Javaansch Woordenboek*, terbitan Ulang 1983, Proyek Javanologi, Jakarta

---------- Ranggawarsitta
1987 *Kamus Kawi-Jawa*, terbitan alih-bahasa dari Kawi-Javaansch Woordenboek, Gadjah Mada University Press, Yogyakarta.

Wirjosuparto, Sutjipto
1964 *Astabrata*, the eighttold Teachings of Rama to Bharata di dalam Badan Kontak Petjinta Kebudayaan Indonesia, Djakarta.

Yasadipoera,
1925 *Serat Rama*, 3 vols weltevreden

Zoetmulder, P.J.
1983 *Kalangwan, sastra Jawa Kuno Selayang Pandang*, Djambatan, Jakarta.

1982 *Old Javanese - English Dictionary*, 2 jilid, martinus Nijhoff, S- Graavenhage.